**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ӘДЕБИЯТ ТЕОРИЯСЫ ҲӘМ ОҚЫТЫЎ МЕТОДИКАСЫ КАФЕДРАСЫ**

# ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЙ СЫНЫ

**пәнинен**

***лекция текстлери***

**Д ү з г е н :** **доц.Нуржанов П.**

**Н ө к и с - 2 0 1 8**

## Қарақалпақ әдебий сынының мақсети ҳәм ўазыйпалары.

**Жобасы:**

1. Қарақалпақ әдебий сыны ҳаққында мағлыўмат.
2. Қарақалпақ әдебий сынының мақсети.
3. Қарақалпақ әдебий сынының ўазыйпалары.
4. Қарақалпақ әдебий сынының изертлениў тарийхы.

Критика - грек сөзи бизиңше баҳалаў, пикир жүритиў деген мәнини аңлатады, егер де биз улыўма әдебият туўралы илимде әдебият теориясы, әдебият тарийхының изертлейтуғын объектлери бар екенлигин есапқа алсақ, критиканың да өзине тийисли объекти бар.

Әдебий критиканың ўазыйпасы өз ўақтының көз қарасы менен талабына байланыслы көркем шығармаларды баҳалаўдан ибарат, көркем шығарманы баҳалағанда ол әдебият тарийхы, әдебият теорияларының сондай-ақ өз ўақтының сиясый жәмийетлик, эстетикалық-эпикалық нормалары тийкарында пикир жүргизеди.

"Критика теорияның практикада қолланылыў көркемлик нызамның системаласқан гармоникалық бирлиги, теориясы, критика удайы қозғалыста болады. Алға раўажланып барады. Илим ушын жаңа материаллар жаңа мағлыўматлар жыйнайды. Ол ҳәрекеттеги эстетика" (Белинский)

Критика қандай да болмасын әдебий шығармалардың жетискенлиги ҳәм кемшиликлери ҳаққында пикир жүргизиў. Соның мақсети журтшылықтың жақсы пикирлерин сәўлелендириўге хызмет етиў ҳәм усыларды массаға таратыўға жәрдем етиў,-деп жазды Чернышевский. Уллы ойшылдың бул анықламасы ҳәзирги дәўирдиң критикасына да толық қатнаслы ҳәм өз баҳасын жойытпаған.

Критика көркем шығарманы бүгинги заман талабы тийкарында таллайды ҳәм баҳалайды, оның идеялық, эстетикалық байлығын ҳәм өзиншелигин ашады, онық оқыўшыларға болған тәсиршеңлигин тәмийинлейди ҳәм беккемлейди. Солай етип турмыс ҳақыйқатлығын сезиўге ҳәм қабыл етиўге жәрдемлеседи. Бул арқалы ол жазыўшының жолын даўам етеди, оған өз усылы, өз қуралы, айқын бағдары менен бүгинги күн талабынан шығып баҳа береди.

Әдебий критиканың өзине тән және бир өзгешелиги сонда, ол көркем шығармаларды таллап, баҳалаў арқалы турмысқа актив араласыў мүмкиншилигине ийе болады. Жазыўшы тәрепинен дөретилген образларға тийкарланып өз ўақтының жәмийетлик көз-қарасын, әҳмийетли мәселелерин ортаға қояды, ўақыт тәрепинен алға қойылған таласлы мәселелерге актив қатнасады, сөйтип шығармаға тийисли баҳа бере алады.

Соның менен қатар әдебий критика бир неше шығармаларды, ондағы идея, образларды қатар салыстырып та, сондай-ақ бир неше жазыўшының ҳәр түрли жанрдағы шығармаларында ҳәр түрли тарийхый дәўирдиң дөретпелерин салыстырып та баҳа бериўи сөзсиз. Усы арқалы ол бурын айтылмаған пикирди өзиниң жуўмағы сыпатында ортаға салыўы мүмкин.

Әдебий критика биринши ретте өз ўақтының шығармаларына дыққат аўдарады, соның менен бирге өткен дәўирлердиң әдебий дөретпелеринде бүгинги күн проблемасына байланыслы қарастырады, оның дөретиўшилик принциплерин тастыйықлаў ушын гүрестиң актив қуралы, көркем шығармаларды баҳалаўдың ҳәм таллаўдың усылы. Әдебий критик сөз зергери болып есапланады, ол да жазыўшы сыяқлы дөретиўшилик хызметтиң актив ўәкили. Сонлықтан жазыўшыға көркем тилге байланыслы қандай талап жүкленсе, бул критикаға да тийис. Тилдиң анықлығы - образлылығы әдебий критиканың тийкарғы сыпаты болыў керек.

## Қарақалпақ классикалық әдебиятында әдебий сын үлгилери.

**Жобасы:**

1. Қарақалпақ фольклорында әднбий сынның белгилери.
2. Күнхожа шығармаларында әдебий сын белгилери.
3. Әжинияз шығармаларында әдебий сын белгилери.
4. Бердақ, Өтеш шығармаларында әдебий сын белгилери.

Жанрлық жақтан баспа сөз бенен байланыслы әдебият критикасы қарақалпақ әдебиятының ХХ әсирдиң 30- жыллардың бас гезлеринде жүзеге келди. Бирақ та буған қарап қарақалпақ фольклорында, классик әдебиятында эстетикалық пикир, көркем сөздиң күшине баҳа бериў

болмады деген жуўмақ шығарыўға ҳеш қандай мүмкин емес. Жыраў менен бақсыны тыңлаған халық массасы буған бийтәреп қарамайды. Қоллап-қуўатлап атырғанлығын билемиз. Демек, бул тыңлаўшының сол атқарылған шығармаға көз-қарасы баҳасы емес пе?

Соның менен бирге бул жағдай тек қарақалпақ халқына ғана тийисли емес, ал басқа да халықларға тән. Тәбияттың гөззалығын түсиниў, турмыстағы жақсылық пенен жаманлыққа, адамның сулыўлығына баҳа бериў мәселелери узақ дәуирлерден бери бар, және ол ўақыттың өтиўи менен екшелип толықтырылып, белгили бир эстетикалық нормаға түсти.

1. Ақыллы адам ҳәр сөзин нақылсыз айтпайды,
Бир айтпаса нақылды ақылсыз айтпайды.
2. Жыллы сөйлесең, жылан ининен шығады,
Қатты-қатты сөйлесең мусылман диннен шығады.
3. Бир деген де не жаман?
Билимсиз өскен ул жаман.
Еки дегенде не жаман?
Екилиги шыққан сөз жаман.
4. Шийрин-шийрин сөйлемек,
Даналық тилинде жақсы ҳ.т.
5. Зергердиң қолы алтын, шайырдың сөзи алтын.

Көркем сөздиң қүдиретине халықтың көз қарасы усындай. Демек, халық жақсы нәрсени қәдирлей билди, жаманнан жийренди, сөздиң төрели болыўын, тәсирли болыўын талап етти.

Қарақалпақ әдебиятында әдебий - теориялық ой-пикирдиң дереклериниң ең әҳмийетлисиниң бири XIX әсир қарақалпақ классик шайырларының дөретиўшилиги деп қараўға болады. Дурыс, қарақалпақ классик шайырлары эстетика, критика тараўында арнаўлы, системаға түскен мийнет дөретпеген, олар ең алды менен шайырлар еди. Соған қарамастан әдебият тарийхында искусствоның мазмуны менен мақсетин өзинше түсиндирмеген сөз шеберин табыў қыйын.

Қарақалпақ классик шайырларының эстетикалық көз-қараслары, көркем шығарманың жәмийеттеги орны туўралы пикирлери, бир-бириниң дөретиўшилигине берген баҳалары, заман шынлығын жырлаў кереклигиниң баслы мәселе екенлиги ҳаққында айтқанлары, қандай жағдай

болса да туўры сөзден қайтпаўшылығы олардың поэтикалық дөретиўшилигинде сәўлеленген.

Дурыслықты, ҳақыйқатлықты айтыўды Күнхожа шайыр ең биринши ўазыйпасы деп түсинди. Ҳәммеге белгили Хийўа ханы көп шайырларды жыйнап, өзиниң сән салтанатын мақтамақшы болды. Күнхожа өзиниң атақлы "Умытпаспан" қосығын жазды. Шайыр бундағы адам шыдамаслық, жан түршигерлик ҳәдийсени тартынбастан сүўретлеп берди. Хан сарайына айдалып барған шайырдың оған қарсы усылайынша жүреклилик пенен сөйлеўи оның алған бағытын айқын көрсетеди.

Хан оған сый орнына арқасы жаўыр, бир көзи соқыр түйе береди. Шайыр усы хорлықлы сыйлыққа арнап "Түйе екенсең" қосығын жазды.

Шайырдың эстетикалық пикирлери туўралы айтқанда, шайырдың сыншыллық көз-қарасын айрықша атап өтиўимиз керек. Усындай пикирлер оның "Керек маған", "Неге керек" қосықларында тийкарғы орынды ийелейди.

Әжинияз халық пенен оның арзыў әрманлары менен тығыз байланысқан шайыр. Аўыр азап астында жасаған мийнеткеш халқын шайыр шадлы қоррамлы, әдалатлы заманда көргиси келеди. Халықты қан жылатқан басқыншыларды өз ишиндеги байларды ол аяўсыз әшкара етеди. Сол ўақыттағы социаллық теңсизликке кескин қарсылық оның ең жақсы шығармаларын безеп турады. Уллы шайырдың эстетикалық көз-қараслары соң социаллық тийкарда қәлиплести.

Адам өзиниң туўған жери, ели менен қәдирли деген пикирди алға қойыў Әжинияздың дөретиўшилигиниң орайы.

Шайырдың "Бозатаў", "Айырылса" сыяқлы философиялық мәниге толы шығармасының бизиң ушын әҳмийети де усында.

Уллы шайыр Бердақтың (1827-1900) эстетикалық көз-қарасларындағы орайлық нәрсе - халыққа сөз өнери арқалы хызмет етиў, ҳақыйқатлықты жырлаў мәниси болды. Оның пикиринше, шайыр халықтың қайғысынан шетте турмаўы керек, оның шығармаларының мазмуны сол мийнеткеш халықтың турмысы болыў керек деген мәселе.

Бердақтың "Өмирим", "Болған емес" қосықлары шайырдың машақатлы, қыйын жолын, еркин сайрай алмаған ғәплет заманын терең

ашып бере алады. Бул қосықлардың мазмунына терең нәзер тасласақ шайырдың заманға критикалық бағыты айқын көринеди.

Жақсыны пәм әйле сөйлеген сөзден,
Жаманның парқы ҳеш билинбес жүзден,
Ишки сырын айырып болмайды көзден,
Оны сынаў пайда уллы халық ушын.

Деген қатарларын қоссаң шайырдың адамның мазмуны оның ишки дүньясына байланыслы екенлигин ашық айдын айтқан, шайыр өз оқыўшыларын адамды баҳалағанда қуры формасы ямаса сымбатқа ғана қарама, ал оның сөйлеген сөзине қара деген жуўмаққа келеди.

Өтеш шайыр дөретиўшилигинде үлкен орын ийелейтуғын "Өтти дүньядан" биографиялық шығармасы тутас алғанда өзине шекемги өзине заманлас шайырлардың творчесвосына, олардың шығармаларының поэтик күшине берилген критикалық баҳадан ибарат. Өтеш өз ўақтындағы билимли, талантлы шайырлардың бири болды.  Ол да өзине заманлас шайырлар сыяқлы халық ушын дөретти усы үлкен хызмети деп дурыс түсинди. Шайырдың сөзин халық түсинип қабыл етсе, оның үлкен мақтаныш екенлигин көрсетти, шайыр жалған айтпаўы керек, шайырдың сыншысы халық. Өтештиң бул пикирлери оның шайырлыққа дурыс талап жүклеген пикир ийеси екенлигин көрсете алады.

Өтеш шайырларды баҳалағанда оған сол ўақыттағы түсиниктен шығады, соның менен бирге ең алды менен оның шығармаларын халық қалай қабыл етти, усыған дыққат аўдарады.

XVIII әсирдеги қарақалпақ әдебиятының ири ўәкили Жийен жыраў. Ол жыраў ҳәм шайыр, көбинесе өз шығармаларын қобыз бенен атқарған.

Қобыз бенен ҳәм дуўтарды ол шерткен,
Сөзи менен душпанлерды қул еткен,
Айтқан сөзи адамларды жибиткен,
Қарақалпақта Жийен өтти дүньядан.

Өтеш шайыр бул мысалларда өткир сөздиң күшин оның қүдиретин Жийенниң шайырлығы арқалы дәлиллеген. Сондай-ақ Күнхожаның сол дәўирдиң шынлығын жырлағанлығын тилге тийек етеди.

Шайырлықта жүдә сөзлери тәлип,

Заманның рәўишин сөйлемес қалып, ал Әжинияз туўралы "Әжинияз шайырлардың сарасы" деп тастыйықлайды.

Сөзге дәрья бақсылыққа зор едиң,

Сөзге шешен мың адамға тай едиң,

Бердақ еди шайырлардың данасы,

Сөзине ийилди адам баласы, -деп Бердақ шайырдың уллығын бахалайды.

## Әдебий сынның жанрлары, әдебий сын ҳәм әдебият илими

**Жобасы:**

1. Қарақалпақ әдебий сынының қәлиплесиўи.
2. Қарақалпақ әдебиятында 20-жыллардағы әдебий сын.
3. Қарақалпақ әдебиятында 30-жыллардағы әдебий сын (И.Фазылов, Қ.Әўезов, Қ.Айымбетов ҳ.т.б. илимий мақалалары).
4. Қарақалпақ әдебий сыны ҳәм әдебият илими.

Қарақалпақ әдебий критикасы бүгинги ўақыт қойып отырған талапларға жуўап бериўге ҳәрекет етти. Усы көз-қарастан критиканық базыбир кемшиликлери туўралы айтылып гейпара пикирлер оның бир тутас раўажланыўын бийкарлай алмайды.

Әдебий көркем критиканың объектиси турмыс ҳәм әдебий процесс - булар әпиўайы сөз емес, ал көп түрли қоспалы ҳәм қарама-қарсылықлы жоллар менен алға илгерилеп барылатуғын қубылыслар. Мине усындай қарама-қарсылықлы қоспалы процесс әдебий критиканың өзинен де жанрлық жақтан көп түрлиликти, турмыс пенен әдебий процесстиң өзгешеликлерин, олар арасындағы байланысларды әлўан түрли усыллар менен ашып көрсетиўди, анализлеўди талап етеди. Әдебий критиканың жанрлық көп түрлилигиниң реаллық тийкары, оның тийкарғы себебине усы бағдарда түсинилиўи керек деп ойлаймыз. ХХ әсир қарақалпақ әдебиятының дәслепки күнлеринен баслап-ақ критиканы-критикалаў бул бурыннан бар дәстүр. Бул дәстүрдиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўында Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, И.Сағыйтов, А.Бегимов, М.Дәрибаев, С.Ахметов, Б.Исмайлов, М.Нурмухаммедов, А.Пахратдинов,

Қ.Мақсетовлардың мийнетлериниң орны үлкен. Бирақ критикалық ой-пикирмиздиң жанрлық көп түрлилиги өз алдына арнаўлы сөз етилмеген, гейпара жағдайларда тек ат үсти пикирлер айтылып жүрген мәселе. Усының салдарынан ба критикамыздың жанрлық түрлерин байланыслы терминлер де ҳәр қыйлы нормада ислетилип жүргенлигин көриўге болады. Мысалы, әдебий критикалық портрет гейде әдебий сыннан, гейде юбилейлик мақала термини менен, ал "ашық хат" ты гейде әдебий хат деп атаўшылық жийи ушырасады. Соның менен бирге әдебий критиканың кишкене нормаларын рецензия, репликалық мақалаларды базда көзге илмеўшилик, оларға жетерли әҳмийет бермеўшиликтиң сезилетуғынын аңғарамыз.

Сонлықтан әдебий критиканың жанрлық жақтан көп түрлилигине, олардың өз ара синтетикалық бирлигине айрықша итибар бериў керек. Өйткени улыўма критикалық ойдың пайда болыў ҳәм раўажланыў жолларына бир нәзер тасласақ атақлы критиклер репликалардан баслап арнаўлы монографиялық изертлеўлерге шекемги аралықтағы жанрлық нормалардың ролин бир-бири менен алмастырмаған.

Белгили критик В.Г.Белинский Пушкин шығармаларына жазған рецензияларынан баслаған.

Соның ушын белгили әдебиятшы илимпазлар П.П.Грочсман (Жанры литературны критики. Искусство, 1985), В.Егоров, В.Гусеев ҳәм басқалар өз мийнетлеринде рус әдебий көркем критикасының бир неше жанрлық түрлерин көрсетеди. Л.Грочсман рус әдебий критикасының он жети түрин атап өткен екен. Ал бизге бир қанша жақын туўысқан халықлар болған өзбек (Б.Назаров Ватан адабий танқидчилиги, Тошкент,1979) қазақ (Т.Какишев Оңаша отаў (Қазақ әдебий критикасының жанрлық қәлиплесиўи. Алматы, 1982) әдебий критикасына ҳәм әдебий процесстиң өз ара байланысына тоқтаған. Бирақ жанрдың көп түрлилигине итибар бермеген.

Әдебий критиканы жанрлық түрлерге бөлгенде критиктиң әдебий процесстиң қандай қубылысын сөз етиўин, таңлаған теманың характерин, ондағы көзде тутылған идеялық-эстетикалық мақсетти, тийкарғы нийетти, сол дөретпениң негизги бағытын нәзерде тутамыз. Ал критикалық

дөретпениң көлеми бул жерде шешиўши әҳмийетке ийе болмайды, ол усы еки нәрсениң органикалық түрде биргиўинен келип шғады

Усы принципти басшылыққа алып әдебий критика төмендеги жанрлық түрлерге бөлинеди: 1) Монографиялық изертлеў. 2) Илимий-теориялық проблемалық мақала. 3.Обзор. 4. Әдебий критикалық портрет. 5. Рецензия. 6. Әдебий-критикалық фельетон. 7. Әдебий-критикалық гүрриң. 8. Ашық хат. 9. Анкеталық мақалалар. 10. Эссе пикирлер.

Әдебий критикамыздың көрсетилип өтилген жанрлық түрлериниң ишинде әсиресе бизиң бақлаўымызша монографиялық изертлеўлер, илимий-теориялық проблемалық мақалалар, әдебий критикалық обзор ҳәм портрет, рецензиялар басқаларына қарағанда жедел раўажланып бармақта. Әсиресе илимий-теориялық проблемалық мақалалар менен обзор, критикалық портретлер дөретиўде соңғы жыллары күшли раўажланыўбағдары көзге түсип атырған сыяқлы.

М.Нурмухаммедовтың илимий теориялық-проблемалық мақалаларындағы илимпаздың әдебий проблемаларды кең ҳәм терең батыл түрде бириншилерден болып ортаға қоя билиўин, миллий әдебиятымыздың өзгешелигине баҳа бериўин дурыс түсиниўимиз керек. Оның әдебиятымыздың терең тарийхый тамырлары ҳаққындағы жазба ҳәм фольклорлық традициялардың синтези, әдебий байланыслар мәселесине жазылған мақалалары әдебий критикалық ҳәм эстетикалық ой-сезимлерге күшли тәсир етпекте. Сондай-ақ илимий-теориялық проблемалық характердеги мийнетлер дөретиўде Қ.Мақсетовтың фольклор ҳәм жазба әдебияттың өз ара байланысларына арналған, С.Ахметовтың әдебий критикамыздың тарийхына, поэзияға байланыслы, Қ.Султановтың прозадағы жаңа изленислер туўралы мийнетлери бир тутас әдебий критикалық ойымыздың буннан былай раўажланыўына себепши болды.

Критиклеримиз бүгинги әдебий процесстиң түрли жанрларына байланыслы әдебий критикалық обзорлар дөретиўге айрықша дыққат аўдарды. И.Сағыйтовтың, С.Ахметовтың, Қ.Камаловтың обзорлық мақалалары жазылды.

Оқыўшылардың эстетикалық талғамы ҳәр түрли. Олардың көпшилиги салқын илимий филологиялық, әдебий-критикалық обзорларды қабыл ете бермейди. Соның ушында жәмийетшиликке тез тәсир ететуғын

критиканың бир түри болып есапланған ашық хат формасын раўажландырыўымыз тийис. Бул жердеги дөретпелерге салқын объектив филологиялық анализден гөре, субъектив ойлар еркин пикир алысыў, сөйлесиў стили тән болады. Әдебий критикалық пикирге ой-сезимди, эмоцияны, ишки динамиканы сиңириўдиң ең жақсы үлгисин Ш.Сейтовтың "Қәдир тутқан аяўлам, Төлепберген" (Т.Мәтмуратов "Жақсылық сарайы". Нөкис, 1986) атлы дөретпесинен айқын көремиз. Ж.Есеновтың "Ўақыт пенен сырласың" ашық хат, О.Әбдирахмановтың "Әдиўли босағамның алдындағы ойлар" ("СҚҚ" 22-декабрь, 1977) атлы дөреткен әдебий критикалық гүрриңнен қараўға болады. М.Нызановтың "Сайлаўбайлың күлдиргиш қәлеми" ("Әмиўдәрья", 1987, N2) атлы кишкене дөретпеси де критикалық гүрриң жанрына киреди.

Анкеталық мақалалар да әдебий критикалық ойдың бир түри. Онда жазыўшы ямаса критиктиң қысқа ҳәм анық пикирлери берилген сораўлардың әтирапында көринип отырады. Бул арқалы пикир билдириўши авторлар оқыўшылар менен еркин сөйлесе алады.

Реплика (француз сөзи - қатнасымды билдиремен, жуўап беремен мәнисинде). Шығарма қаҳарманларының басқа бир қаҳарманлардың сөзлерине қосыла пикир билдириўи. Реплика диалоглардың негизин қурайды.

Рецензия. Көркем өнер шығармасы ямаса илимий жумыс туўралы маман қәнигениң жазған қысқаша илимий теориялық әдебий сын баҳасы. Рецензия оқыўшы пикиринен, өзиниң таллаўларының маманлық кәсиплик дәрежеге көтерилгенлиги, илимий-теориялық сыпаты, дәлийллериниң исенимлилиги т.б. менен ажыралып турыў керек.

С.Ахметов, К.Мәмбетов, Қ.Камалов ҳ.т.б. сыншылардың рецензиялық пикирлери бар.

Әдебий критикалық портрет бул да критиканың бир жанрлық түри болып есапланады.

Бул түрдеги дерлик көпшилик мақалалар жазыўшыларымыздың юбилейлерине, әдебий сәнелерге байланыслы жазылып атыр.

Қ.Камаловтың "Алымның жолы", "Дала бүркити" атлы портретлик мақалалары шеберлик пенен жазылған.

Әдебий критиканың бир неше жанрлық түрлерин раўажландырып барыў бүгинги ўақыт талабы болы есапланады.

## Қарақалпақ әдебий сынының пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи.

Қарақалпақ әдебий критикасының дәслепки дәўири 30-жылларды өз ишине алады. Бул оның дөреў дәўири болып, дәслепки сын пикирлер баспа сөзде көрине баслады. Булар азлы-көпли шағым рецензиялардан ибарат болды ҳәм тийкарынан жазыўшы-шайырлардың өзлери дәслепки әдебий критикалық мақалалардың авторлары еди.

Әдебият критикасы менен актив шуғылланатуғынлардың қатарында А.Бегимов, Х.Ахметов, А.Матьякубов, Т.Сейтмуратов, Қ.Әўезов, Қ.Айымбетовларды көрсетиўге болады. Қарақалпақ әдебий критикасының басланыўы да усы жазыўшылардың атына байланыслы еди.

Егерде қарақалпақ әдебиятында критиканың дөреў дәўирине дыққат аўдарсақ, сол дәслепки мақалалардың өзинде-ақ "биз де әдебий сын бар ма? бар болса оның дәреги қандай? дегенге усаған сораўлар жийи ушырасады. Усы сораў жоқарыда аты аталған әдебий критикада дәслепки көринген жазыўшылардың көпшилигине тийисли. Олар баспа сөзде орын алған әдебиятқа байланыслы пикирлер менен оншелли келисе бермейди ямаса жазыўшы-шайырларға бағдар бериўши әдебий сынның жоқлығын гейде төменлигин ортаға салады.

30-жыллардың бас гезинде жазылған О.Қосекеевтиң "Тәжи Ахметтиң "Октябрь күнине сын" деген мақаласын ("Қызыл Қарақалпақстан" N6,1932) газетасында жәриялады. Бунда поэзияда әдеўир тәжирийбеси бар шайыр Сейтмамутовтың қосықлары сыналған. Мақала авторы шайырдың айырым қосықларындағы гейпара пикирлерине орынлы даў айтады. Улыўма көркемликтиң төменлигин дурыс ескертеди. Соның менен қатар критика ҳаққында өз пикирн ортаға салған: "Әдебият ҳаққында гейпара жолдаслардың өз ара сөз жүзиндеги гүңкилдилери болмаса газета, журнал бетлеринде айтып шығып мынаның мынадай

кемшиликлери бар, буны былай дүзетиў керек деген пикирлер болған жоқ" деп жазады (сонда).

Екинши мақалада сол шайырдың "Колхозшылар сейили" деген қосығына тағы да сын пикир басылды.

Поэзияның талабына жуўап бермеўшилиги, теңеў сүўретлердиң, қосық техникасының төменлиги улыўма дурыс сыналады.

Қулласы жоқарыда үзинди келтирилген еки мақалада итибарға алатуғын орынлар жоқ емес. Буларда тийкарғы пикир шайыр Тажиахмет Сейтмамутовтың шығармаларының оқыўшы талабынан төмен жазылғанлығы дурыс сыналған Айрықша оның "Естемес", "Колхозшылар сейили" қосықлары көркем әдебият талабына жуўап бере алмағанлығы анық мысаллар менен дәлилленген.

Ал Палўан Сейтмамутовтың "Ким айтпай жүрипти" деген мақаласында тағы да, , әдебий критикалық мәселелер ҳәм Т.Сейтмамутовтың басқа да бир қатар қосықлары ("М.Горькийге", "Октябрь күни") сыналған. Мақалада жас қарақалпақ әдебиятының азда болса толысып атырғанлығы, биракта айырым шайырлардың ўақыт талабына жуўап берерлик шығармаларының жоқлығы көрсетилген.

Әдебий критика мәселесине байланыслы К.Кузембаевтың "Қарақалпақ әдебияты ҳаққында сөзден иске" мақаласында бир қанша итибарлы пикирлер бар. ("Мийнеткеш қарақалпақ" 1930, N66) Автор шығармаларға дурыс баҳа бериўши мақалалардың зәрүрлигине дыққат аўдарады, критиканың әдебий процесстеги активлигиниң көринбей атырғанлығын ескертеди. "Әдебият критикасы көркем әдебиятты кеңейтиўдиң жарағы" деп дурыс ескертеди.

Қарақалпақ әдебий критикасының басламасы рецензиялық мақалалардан басланғанлығы белгили. Бундай рецензиялық мақалалар ең алды менен жазыўшы-шайырларымыздың қәлемине тийисли. Шайыр А.Бегимовтың "С.Мәжитовтың әдебият жыйнағына сын" мақаласы ең дәслепки рецензиялардан ибарат болды. Мәлим болғанындай 1928-жылы С.Мәжитовтың хрестоматия сыпатындағы әдебият топламы басылып шықты. Мақалада С.Мәжитовтың шығармалары ҳаққында бир жақлама айыплаў характериндеги пикирлер басым орынды ийелейди. "Бул китаптың-дейди автор қай жағынан болса да жәмийетке пайда берерлик

жағы жоқтың қасында" ("Жаңа әдебият журналы"N8, 1930). Солай етип мақалада жазыўшының поэзиясына байланыслы кескин пикирлер айтылды. Усы мақаладағы пикирлер көп жыллар бойы даўам еттирилди.

Дәслепки рецензиялардың қатарына А.Матьякубовтың "Бадырақ" пьесасына Т.Сейтмамутовтың шығармаларына арналған О.Қосекеевтиң ("Мийнеткеш қарақалпақ", N59,1931) "Қара күшлер" пьесасына арналған Х.Ахметовтың ("Қызыл Қарақалпақстан", N23, 1932), А.Қыдырбаевтың ("Қызыл Қарақалпақстан" N131, 1934-ж) мақалаларын жатқарыўға болады. Усылардың ишинде Х.Ахметовтың рецензиясы белгили орын ийелейди. Пьесада класслық гүрес темасының жетерли ашылмаўы, қосықтың текстлериндеги қайғылы пессимистлик мотивлерди сынға алады. Ал, А.Қыдырбаев бул пьесадағы образлардың жасалыўының талапқа жуўап бермейтуғынлығын көрсеткен.

Сондай-ақ айырым жазылған рецензиялардың арасында поэзиялық шығармалардың ҳаслы мәнисине түсинбеўшилик, тырнақтың астынан кир излеўшилер де болмай қалады... Бундай рецензияларда әдебияттың мәселесинен гөре бир-биреўди кемситиўшиликке бейимлилик анық сезилип турады.

Шаңбас Ермекбаевтың шайыр И.Фазыловтың "Жеңис жолында" топламы ҳаққында рецензиясы тек кемшилик излеўге қаратылған. ("ҚҚ", N118|94)

Соның себебинен 30-жыллардың басында И.Фазыловтың шығармаларының әтирапында әдеўир айтыс пикирлер орын алды. Критикке қарсы жазылған И.Фазыловтың "Шаңбастың шаңғытына қарсы", Шаңбастың оған жуўап ретинде жазған "Шаңғытыма шаңғытым" (1934, N131) мақалаларының характери усындай. Негизги мәселе бир жақта қалып өкпе гийне, бир-биреўден мин излеў әдебияттың пайдасына қосылған жоқ. Усындай таласлы мәселелерге бир қанша анықлық киргизген Н.Жапақаов, Д.Назбергеновлардың авторлығына тийисли мақаласы болды деп қараўға болады. Авторлар айырым критиклердиң пикирлериндеги бурмалаўшылықларды надурыс баҳалаўшыларды дурыс әшкара етеди.

Қ.Айымбетов өзиниң "Әдебият мәселеси менен қарақалпақ жас жазыўшыларының ўазыйпалары" деген мақаласында базыбир мәселелерге

жуўап бермекши болады. Автор, әдебий өмирдеги уллы өзгерислерди, оның тийкарларын жас жазыўшылардың жетисип атырғанлығын дәлиллеп көрсетти.

"Соның менен бирге пролетариат әдебиятының басланыўының изи бар. Қаллаш әдебияты қашан басланды, деўге жуўап бериў ҳәр кимге де аўыр түседи. 16-жылдан басланды деўге толық дәлилл бола алмайды, ким биледи, оннан да бурын басланған шығар... жаңа қурылыс дәўиримизге жаңа көркем өнер, жаңа әдебият керек, буған бас болатуғын жас жазыўшы, жас шайырларымыз болады", -деген дурыс жуўмаққа келеди. Сондай-ақ Қ.Айымбетов ең бириншилерден болып қарақалпақ жазыўшыларының дөретиўшилик үйрениў мәселесин ортаға қояды. Бул жас әдебиятымыздың раўажланыўы ушын ең зәрүрли жағдай болғанлығын есапқа алыўымыз керек.

30-жыллардың орталарынан баслап, әдебий критикадағы рецензиялық мақалаларда бир қанша илгериўшиликти байқаўға болады. Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамының дүзилиўи, оны беккемлеў мәселелери болды.

Қарақалпақстан жазыўшыларының органы "Мийнет әдебияты" журналының ай сайын шығып турыўы, республикалық газеталар, арнаўлы илим изертлеў институтының ашылыўы, муғаллимлер институтында қарақалпақ әдебиятының пән сыпатында оқытылыўы, басланғыш ҳәм толық емес орта мектеплерге арналған әдебият китапларының шығарылыўы, әдебий критикалық ой-пикирдиң бир қанша жанланыўына, халық системалы рәўиште ҳәм бастырылып шығылыўна жол ашты.

Қарақалпақ әдебиятында критика мәселелери туўралы жазыўшыларымыздың биринши съездинде кең пикир алысыўы болды. Ж.Аймурзаев съездге арналған мақаласында өзиниң бир қанша шығармалар жазғанлығын, бирақ оған тийисли сын болмай киятырғанлығын көрсетеди. Ж.Аймурзаевтың "Мениң шығармаларым сыналмай киятыр", Н.Жапақовтың "Жас жазыўшыларға жәрдем етиў керек", Т.Сейтмамутовтың "Большевиклик критика" деген мақалалары болды.

30-жыллардың орталарында қарақалпақ әдебиятының бир қанша раўажланған жанры поэзия ҳәм драматургия еди. Соған байланыслы

жазылған сын мақалалар ҳәм рецензиялар да усы жанрлардың әтирапында болғанлығы белгили. Бул ўақытлары айырым сын мақалаларда көркем-әдебий анализ орнына сыясий идеялық таллаў жасаўға умтылыўшылық басым келди. Көбирек шығарманың кемшилигин табыўға урыныўшылық характерли, көркем шығарманың атап айтқанда, рецензиялардағы аз да болса тереңлик, объектив пикир айтыў белгили жазыўшы Қ.Әўезовтың қәлемине тийисли болды.

Оның рецензияларының ишинде Қ.Ермановтың, С.Мәжитовтың, Ж.Аймурзаевтың шығармалары ҳаққында жазылған мақалаларына дыққат аўдарыўымыз керек. Қ.Әўезовтың 1935-жылы Москвада басылған Ж.Аймурзаевтың "Қосықлар" топламына берген рецензиясы әдеўир толық ҳәм исенимли. Ж.Аймурзаев шығармаларының тематикасы өз ўақтының шынлығы менен байланыслы, оның агитациялық характери, класслық гүрести сүўретлеўдеги жас шайырдың жетискенликлери дурыс талланған.

Қ.Әўезовтың "Бағдагүл" пьесасы туўралы рецензиясы тек пьеса ҳаққында ғана емес, ал улыўма спектакльдиң сахналастырылыў, музыка рольлердиң орынланыў дәрежесин қарастыратуғын саўатлы жазылған мийнет.

А.Бегимовтың 1935-жылы жазылған "Гүрес баласы" поэмасының реализм методынан шетлеўшилиги туўралы Н.Жапақов ҳәм О.Кожуровлардың "Идеализмниң реальный қәўпи ямаса түс кесели" (ҚҚ 1935) деген мақаласындағы айырым пикирлерге қосылыўға болмайды.

Н.Жапақовтың "Ардақлы шайырымыз Асанға" деген хаты тутас алғанда көркем әдебияттың әҳмийетли мәселелерин ортаға салады.

М.Дәрибаевтың "Бул ким", "Бердақтың қосықлары", "Драматургия ҳаққында" т.б. мақалалары сол дәўир әдебияты ушын белгили орын тутты.

А.Бегимовтың "Бул ким" пьесасына берген М.Дәрибаевтың баҳасы бир қанша дурыслыққа келеди.

И.Сағыйтов "Қарақалпақ әдебияты ҳәм оның жас жазыўшылары ҳаққында" мақаласында жас жазыўшылардың дөретиўшилигинде әдебиятымыздың раўажланыў мәселелерин ортаға қояды.

## 40-50-жыллардағы қарақалпақ әдебий сыны ҳәм әдебият илими

Уллы Ўатандарлық урыс дәўири қарақалпақ әдебиятының алдына да жаңа ўазыйпаларды қойды. Жазыўшыларымызға халқымыздың тарийхына көрилмеген қаҳарманлығын, тылдағы мийнет көтериңкилигин сүўретлеў көп миллетли халықтың жеңиси ҳаққында жырлаў баслы мәселе болды.

Қарақалпақ әдебияты қарақалпақ халқының қаҳарманлық күшин сәўлелендириўши жаўынгер, оптимистлик әдебият болып танылды. Солай етип қарақалпақ әдебияты тийкарынан поэзия менен характерленеди.

Урыс жыллары қарақалпақ әдебиятының анағурлым раўажланған дәўири болды. Соған қарамастан ўақыттың талабынан онда, поэзия, очерк, гүрриң бир актли пьесалар оператив хызмет атқарды.

Ал, әдебият критикасының алдында урыс жылларында жазылған шығармалардың айырым топламлардың өз алдына қойылып отырған жаўынгерлик миннетлерин қалайынша орынлап атырғанлығын түсиндириў, әдебиятымыздың улыўма ўақыт талабына ат салысыў дәрежесин анықлаў ўазыйпасы турды.

"Қызыл Қарақалпақстан" газетасының 1943-жыл 27-июнь санында "Қарақалпақ әдебиятын тағы да раўажландырайық" деген бас мақала жәрияланды.

Н.Дәўқараевтың "Урыс күнлеринде қарақалпақ искусствосы" (1942-жыл, 8-август "ҚҚ") М.Дәрибаевтың "Сапалы әдебият ушын", "Шайырлар Ўатандарлық урыс күнлеринде" ("ҚҚ" 1941-ж)
деген мақалаларында урыс жағдайына байланыслы қарақалпақ жазыўшыларының ўазыйпалары туўралы пикирлер айтыўдан ибарат, соның менен бирге әдебияттың генжелеп қалып отырған жанрларын раўажландырыў бойынша гейпара шақырықлар бар.

Булардан басқа театрда қойылған спектакльлерге басылып шыққан топламларға рецензияларды атап өтиўге болады. И.Сағыйтовтың "Патриот шайыр" мақаласында Садық шайырдың 1942-жылы шыққан "Жеңимпаз халық" топламын таллайды, халық шайырының патриотлық сезимди жырлаўшы қосықларының поэзиямыздағы орнын ашыўға ериседи. Қ.Айымбетов өзиниң "Арал қызы" пьесасының қойылыўына байланыслы

жазған рецензиясында (1941,N192 "ҚҚ") пьесаның мазмунын баянлаған Гүлзада, Елмурат, Григорий Михайлович, Полина сыяқлы қаҳарманлардың образларына тоқталып, пьесаның тема жағынан актуальлығын көрсеткен.

Ә.Шамуратовтың "Жигирма жылда қарақалпақ совет әдебияты" (1944. 23-декабрь "ҚҚ") деген мақаласында Қарақалпақстанның 20 жыллығына байланыслы усы дәуир ишиндеги әдебиятымыздың раўажланыў жолына таллаў жасаған.

Урысқа шекемги дәуирдегидей-ақ, урыс жылларында Бердақ шайырдың творчествосы өзине тийисли дыққат аўдарды. Изертлеў характериндеги И.Сағыйтов ҳәм С.Бассинлердиң Бердақ шайыр ҳаққындағы китапшалары басылып шықты. Бердақ шайырдың дөретпеси жөнинде жазылған дәслепки көлемли мийнет сыпатында И.Сағыйтов, С.Бассинлердиң китапшалары уллы шайырдың дөретпелирн буннан былайда терңирек изертлеўге умтылдырды.

Бул жыллары қарақалпақ әдебияты туўралы әдеўир мақалалар жазылды, буларда айырым жанрлардың айырықша прозаның раўажланыў мәселелери көбирек сөз болды. С.Бекназаровтың "Қарақалпақ прозасының ҳәзирги жағдайы" (ҚҚ. 1946.8-июнь) атлы мақаласында прозаның пайда болыў ўақтынан баслап сол күнге шекемги жолы сөз болды. Әдебиятымыздың салмағын билдирерлик роман, повестьлердиң жоқлығы жазыўшыларымыздың излениўшилигинен, прозаның өзиншелигин ийелей алмаўшылығынан деп түсиндирилген.

С.Бекназаров булардан басқа "30-жылда қарақалпақ әдебияты", "Биз Ж,Аймурзаевтан сапалы шығармалар күтемиз" деген мақалалары жәрияланды, бул мақалалар да улыўмалық үстиртинликтиң бир көриниси болып, көбинесе шығармалардың мазмунын баянлаўшылық, шығарма авторына айтылған көтермелеўши пикирлерден ғана ибарат болды. Мәселен 30-жыллардағы қарақалпақ әдебияты туўралы жазғанда ол тек табысларды дизип береди де қандай да бир проблемаға жақынласпайды.

Ал Ж.Аймурзаев ҳаққында мақаласында ол жазыўшының классик дәрежесин көтереди, оның шығармаларынан кемшилик көрмейди.

Бир жақлама мақтаў ҳәм көтермелеў Ж.Аймурзаевтың творчесвосы ҳаққындағы Х.Сейтовтың "Жолмурзаның шығармалары ҳаққында" деген көлемли мақаласы да тән (Әдебий альманах "Уллы жолда" 1950-жыл)

Бунда автор жазыўшының өзиншелик белгисин ашыў арқалы ғана оның әдебияттағы орнына жоқарыдағы мақаладағы сыяқлы жазыўшының адресине көтермелеўши сөзлерди үйип төккен, солай етип оны классик дәрежесине көтерген. Әлбетте, бундай критикадан жазыўшыға келер пайда аз.

А.Бегимовтың "Сүйиңиз" (1949) топламы ҳаққында Ж.Аймурзаевтың "Турмыстан тыс қосықлар" (ҚҚ N31950) деген рецензиясы басылды. Мақала авторы әдил түрде А.Бегимовтың қарақалпақ әдебиятындағы орнын дурыс көрсетиў менен бирге, оның бул топламда өзин өзи қайталаўын, қосықларындағы мәниссизликти, уйқастың төменлигин, сонлықтан улыўма алғанда, топламның шайырдың өсиўшилигин көрсете алмаўшылығын әдил ескерткен.

И.Сағыйтовтың "Жолмурзаның тасқын топламы ҳаққында" көлемли рецензиясы (Қызыл. ҚҚ.1996-ж.) басылды. Бул мақалада шайыр қосықларының кемшилиги исенимли фактлер менен сыналған.

40-жыллардың ишинде қарақалпақ әдебияты бойынша жазылған мақалалардың ең көлемлиси И.Сағыйтовтың "25 жылда қарақалпақ әдебияты" деген обзорлық мақаласы болды. (Алманах XXV жыл Нөкис, 1949). Бунда әдебиятымыздың негизги этапларына таллаў жасалып, обзор берилген. Мақаланың алдына қойған мақсети бойынша қуўатлаўға болады. Өйткени автор оның ҳәр бир дәўирин алып, сол дәўирде орны бар жазыўшылардың шығармалары бойынша характерлеўди ойлаған. Бирақта мақала авторының тәжирийбесине қарамастан оның таллаў принциплери менен келисиў мүмкин емес. Ең баслы кемшилик бунда сөз етип отырған дәўир ишиндеги әдебиятымыздың айқын картинасы жоқ, сол дәўирди характерлейтуғын темаға тоқталмаған. Әдебияттың алдында қандай мәселелер турды. Буған жазыўшыларымыз қалайынша жуўап бергенлиги ашылмайды.

Екиншиден, автор тек поэзиялық айырым шығармаларға тоқталады да, оларды үстиртин таллайды. Ҳәр бир дәўирдиң салмағын көтерип отырған поэзия, проза, драматургияның жетискенликлери дыққаттан шетте қалады. Ең тийкарғысы усы жыллар ишиндеги әдебий критика, изертлеў жумыслары ҳаққында, ҳеш қандай пикир билдирилмеген.

Әдебияттың теориялық мәселелерин терең билмеўшиликтен шығармаға эстетикалық баҳа берилмейди, ҳәттеки сапасыз шығармаларды да кеўил жықпаў ушын мақтаў орын алады. Әдебий критикамыздың және бир үлкен кемшилиги теориялық ҳәм практикалық мәселелердиң додаланыўына түспей аяқсыз қалдырылыўы деп қараўға болады. Бул туўралы Б.Исмайлов өзиниң "Әдебий критикамыздың ең характерли бир кемшилиги ҳаққында" деген мақаласында көрсеткен еди.

50-жыллардың ишинде әдебият критикасы ҳәм әдебий изертлеў тараўында әдеўир активлик байқалады. Қарақалпақ әдебиятының әҳмийетли мәселелерине дыққат аўдарыў, көркем аўдарма жумысы, классик әдебият халық аўызеки дөретпелирин изертлеў бойынша бир қатар жумыслар исленди. Ең баҳалысы Н.Дәўқараев, И.Сағыйтов, Қ.Айымбетовлар менен бир қатарда жас критиклер менен изертлеўшилердиң топары өсип жетисти.

Булардың арасында Б.Исмайлов, И.Юсупов М.Нурмухаммедов, Қ.Мақсетов, А.Пахратдинов, Г.Есемуратов, Ә.Насруллаевларды атап өтиўимиз керек. Булар критикаға үлкен таярлықлар менен келди ҳәм әдебий процессти терең түсинип, оны талаўды рус әдебияты критиклери, өзбек, қазақ әдебиятларының бай тәжирийбесин дөретиўшилик бағытта қоллана билди.

М.Нурмухаммедов "Рус әдебияты традицияларын үйрениў ҳаққында" ("ҚҚ" 1955) "М.Лерментов ҳәм қарақалпақ совет әдебияты" ("ҚҚ", 15-октябрь, 1954) "Рус ҳәм қарақалпақ халықлары арасындағы әдебий байланыс" ("Жас Ленинши" 14-декабрь, 1954) Б.Исмайловтың "Жазыўшы творчестволық жастан барған сайын өсе барыўы керек", И.Юсуповтың "Лирика ҳаққында сөйлесиў" сыяқлы мақалалары өзлериниң проблемалық характери менен 50-жыллардың әдебий критикасында сөзсиз жаңалық болды.

У.Пиржановтың "Хожабек Сейтовтың айырым поэтикалық шығармалары ҳаққында" ("Әмиўдарья" N11, 1959-ж) деген мақаласы толықтырды. Бунда Х.Сейтовтың мухаббат темасына арналған қосықларының талаптан төменлиги, ойдан шығарылғанлығы, исенимсизлиги талланған. Мақала авторының пикирлеринде бир қатар

турпайы пикирлердиң болыўына қарамастан шайырдың шығармаларының баслы кемшилигн дурыс аңлаған.

Шайыр Ш.Сейтназаровтың "Жүрек сөзи", "Қырағылық" топламларындағы үлкен кемшиликлер ҳаққында Ж.Қайырбаев, Ш.Сейтназаровлардың "Азамат жала бул болмас" ("Әмиўдарья" 1959 N6) мақаласында дөретиўшилик оригинальлық мәселеси сөз болды.

Қарақалпақ әдебиятымыздың гейпара проблемалық мәселелери М.Нурмухаммедовтың "Қарақалпақ прозасының раўажланыў жоллары"(ҚҚ әдебияты, искусствосы, 1957, 1) Т. Алланазаровтың "Драматургиямыздың гейпара мәселелери" (ҚҚ әдебияты ҳәм искусствосы 1956, N2) мақалаларында сөз болды. М.Нурмухаммедов прозаның пайда болыў ҳәм раўажланыў жолларына обзор жасаған ҳәр бир дәуирдиң характерин ашып бериўши прозалық шығармалардың орнын анықлаған.

И.Юсупов "Ўатандарлық урыстан кейинги қарақалпақ прозасы ҳаққында", (ҚҚ әдебияты ҳәм искусствосы 6, 1956), "Халық шайыры А.Дабылов" ("Әмиўдәрья". N91958) деген мақалаларында көркемлик шеберлик мәселесин сөз етиўге үлкен дыққат аўдарылған.

Көркем аўдарманың мәселелери де усы жыллардағы әдебият критикасына көбирек араласа баслады Бул темаға баслама салған М.Нурмухаммедовтың "Маяковский шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарыў туўралы бир-еки сөз", Н.Орынбаевтың "Крылов шығармалары қарақалпақ тилинде" ("С.Қаралпақстан" 1954) И.Юсупов "Классик поэзияны аўдарыўға кеўил бөлинсин" (С.ҚҚ 1957,N125) А.Жақсыбаевтың "Көркем әдебият шығармаларды аўдарыў жуўапкерли ис" (С.ҚҚ N144, 1956-ж) деген илимий мақалалары жәрияланды.

Соның менен бирге әдебий критикада еле де белгили кемшиликлер бар еди. Б.Исмайлов өзиниң "Әдебий критикамыздың ең характерли бир кемшилиги ҳаққында" (С.ҚҚ. N185, 1958) деген мақаласында оғада пайдалы кеңеслер келтирген.

Б.Исмайлов өзиниң аталған мақаласында критиканың алдына қойған ўазыйпаларын толық аңғарыўы ушын оның объектив, сыншыл болыў зәрүрлигин уқтырады. Оның дурыс тастыйықлаўынша критика бул айыплаў акти емес, ямаса жазыўшыны жарылқаўда емес, ол әдебий процессти дурыс бағдарлаўшы күш.

## 1960-80-жыллардағы әдебий сын ҳәм әдебият илими

60-80 жыллардағы қарақалпақ әдебий критикасының жағдайына нәзер аўдарсақ И.Сағыйтов, М.Нурмуҳаммедов, С.Ахметов, Қ.Мақсетов, А.Пахратдинов, З.Насуруллаев, Қ.Султанов, Қ.Камалов, К.Мәмбетов, А.Каримовлардың әдебият мәселелерине арналған бир қатар мазмунлы, салдамлы ойға, проблемаға қурылған мақалаларын әдебий критикалық изертлеўлерин көремиз.

Әдебий критика менен әдебият илиминиң жақынлығы булардың бир-бирин толықтырып барыўы гейде булардың шегарасын айырыў мүмкин болмай қалатуғыны да белгили. М.Нурмухаммедовтың "Түркий тиллес әдебиятларда аўызеки ҳәм жазба традициялардың синтези ҳаққында" деген мақаласын да ҳәзирги қарақалпақ әдебиятының тарийхы ушын әҳмийетли болған, бирақ еле изерленбеген мәселени яғный өз дөретиўшиликлеринде фольклордың ҳәм жазба әдебияттың дәстүрлерин бириктирген халық шайырларының дөретиўшилик өзгешеликлерин А.Муўсаев творчествосы мысалында изертлейди. (1981жыл, Әмударья N7)

Қ.Камаловтың "Тарийхый темадағы шығармалардың қәлиплесиў жоллары" (N10, 1981) мақаласы Орта Азия ҳәм Қазақстан әдебиятындағы қызықлы илимий мәселени қозғайды. Бул регион әдебиятында тарийхый шығармалар дөретиў XX әсирдиң 20-30 жылларының баслап қәлиплесиўи С.Сейфуллин, А.Қадирий, М.Әўезов, М.Айбек, Т.Қайыпбергенов дөретпелери менен байланыслы болды деген шешимге келеди.

Қарақалпақ поэзиясының теориялық мәселерине арналған ҳәм үлкен қызығыўшылық туўдырған А.Әлиевтиң "Қарақалпақ лирикасында жанрлық формалардың раўажланыў мәселесине" (Әмударья, 1964, N2) ҳәм "Қарақалпақ поэзиясының ритми туўралы гейпара ойлар" деп аталған проблемалық мақалаларын атап өтиў керек.

М. Нурмухаммедовтың "Қарақалпақ әдебиятында өз-ара байланыслар ҳәм өз-ара тәсирлердиң гейпара мәселелери" ("Әмиўдәрья",1978, N10), Н.Жапақовтың "Өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятының өз-ара байлыныс мәселесине"(Әмударья,1963, N10), Б.Исмайыловтың Ҳамза ҳаққында "Жалынлы халық хызметкери", "Поля халқының уллы шайыры", Қ.Камаловтың "Дала бүркити",

Қ.Худайбергенов, Қ.Байниязовлардың көплеген мақалалары дыққатқа миясар. И.Сағыйтовтың "Қарақалпақ әдебият илиминиң ҳәм әдебий критиканың раўажланыўы", "Әдебий критиканың жағдайы" деген обзорлық мақалаларында әдебий критика ҳаққында актуал мәселелер айтылған.

Мақала авторы әдебият илими менен критиканың жетилисиў жолларына орынлы баҳа береди. Әдебиятшылардың унамлы мийнетлерине дыққат аўдарады, ўазыйпаларын белгилеўге умтылады.

И.Сағыйтов ҳәзирги критикадағы белгили кемшиликлерди дурыс аңлайды. "Баспа сөзде дағазаланған критикалық мақалалар менен рецензиялардың көпшилигиниң теориялық дәрежеси төмен. Оларда қарақалпақ әдебиятының ҳәзирги ўақыттағы актуаль проблемалары, әдебий процесстиң анық мәселелери тийисли эстетикалық көз қарастан ҳәр тәреплеме ашып көрсетилмейди.

"Әдебият критикасындағы екинши бир үлкен кеселлик бул әдебий критиканың мақсетин надурыс түсиниўшилик, оны бурмалаўшылық, бизде гейпара жолдаслар әдебий критиканы себеп қылып биреўлерди муңайтыў, намысына тийиў, абыройын төгиў, өш алыў ушын критиканы қурал қылып пайдаланғысы келеди" (Әдебият ҳәм дәўир топламы 1988, 266-бет) Г.Есемуратовтың бир мақаласына тоқталады.

Белгили әдебиятшылар Б.Исмайловтың "Әдебий критиканың ҳәзирги жағдайы ҳәм ўазыйпалары" ("Әмиўдәрья", 1970, N11), Г.Есемуратовтың "Әдебий критика ҳәм турмыс талабы"("Әмиўдәрья", 1972, N4), Ж.Нарымбетовтың "Әдебий критикамыздың гейпара мәселелери"("Әмиўдәрья", 1972, N4), "Әдебий көркем критикамыздың ҳәзирги жағдайы туўралы" ("Әмиўдәрья", 1975, N5), З.Насруллаеваның "Әдебий критиканың ҳәзирги жағдайы"(Әмиўдәрья, 1985, N11), деген мақалаларының әдебий критикалық өзгешелигин, әдебий процесстеги орнын, салыстырыўы керек моментлерин дурыс таллайды.

Ж.Нарымбетов "Әдебий критикамыздың гейпара мәселелери деген мақаласында" Қ.Султановтың "Сын дүзелмей, мин дүзелмейди" деген мақаласын орынлы түрде критикалайды.

Қ.Султанов былай деп жазған еди:"Қарақалпақ әдебиятының раўажланыўы әдебий критиканың артта екенлигин ҳәр бир адымнында

көрсетип бермекте. Ол мудамы әдебият шығармаларын "Сүўретилип жүрип" баҳалап келди" (С.Қ 1972,N31). Әлбетте, Ж.Нарымбетовтың дурыс көрсеткениндей-ақ критика туўралы былайынша жуўмақ шығарыўға ҳеш қандай тийкар жоқ. Өйткени, ол ҳәр бир дәўирде аз ба, көп пе, сайыз ба, терең бе өзиниң ўазыйпасын атқарып келмекте. Бирақ улыўма критикаға тән кемшиликлер бунда да баршылық. Критик автордың бир-еки гәп пенен критиканың өсиў жолындағы жетискенликлерин шешиўши түрде бийкарлаўы, оны ойланбастан айтқан ретсиз пикиринен басқа ҳеш нәрсе емес.

Әдебиятшы Зоя Насруллаева "Әдебий критиканың ҳәзирги жағдайы" (Әмударья, 1985, N11) бойынша мақаласында 80-жыллардағы әдебий-критиканың жағдайын бир қанша толығырақ ашып бериўге ерискен, бул тараўдағы кемшиликлерди, критиканың ала алмаған шексизликлерине тоқтаған. Өткен 50-60-жыллар менен салыстырғанда критика кадрларының өсиўшилиги, жанрлар бойынша қәнигелелер атап көрсетиледи. Автордың бул пикирлери дурыс. Сонлықтанда ҳәзирги дәўир әдебият критикасының улыўма дәрежесин белгили жанрлардың әтирапында қарастырсақ, оның жетискенлик ҳәм кемшиликлери, критиканың раўажланыў дәрежесин айқынырақ көз алдымызды келтириўимиз мүмкин.

## 1960-80-жыллардағы қарақалпақ поэзиясы ҳәм әдебий сын

Қарақалпақ поэзиясының раўажланыў дәрежесине әдебий теориялық ой-пикирлер белгили дәрежеде тәсир жасады. Өткен дәўирлер ишинде топланған тәжирийбелерди жуўмақластырыў, поэзияның жетискенлик ҳәм кемшиликлерин ашыў сол күнлердиң талабы еди. 60-80 жыллары поэзия тараўында пикирлер таласы, шеберлик мәселелерине арналған мақалалар көбирек көзге түсти.

Қосық қурылысы ҳаққында айтысты Қ.Айымбетов баслады. Оның "Қарақалпақ поэзиясының қосық қурылысы",(1951, ж.л газети), С.Ахметовтың "Қарақалпақ совет поэзиясының қосық қурылысы ҳаққындағы мәселеге" ("Әмиўдәрья", 1985, N5), Қ.Мақсетовтың "Қарақалпақ поэзиясында қосық дөретиўшилик мәселесине"(Әмиўдәрья, 1963, N6), К.Муратбаев "Поэзиямыздың қосық қурылысы ҳаққында",

"Бууын теңлиги ҳәм уйқас"("Әмиўдәрья", 1974, 2,6 ), А.Әлиев "Рубаят деген не?", "Қарақалпақ лирикасында жанрлық формалардың раўажланыў мәселесине", Г.Есемуратов "Поэзия көзи менен"(Әмиўдәрья, 1966, 4). Бундай пикир таласлары жаңашыллық ҳәм дәстүр, поэзияның көркемлилигине байланыслы мәселелерде көтериледи.

60-80 жыллардағы поэзияның мәселелери С.Ахметов, Г.Есемуратов, Ә.Насуруллаев, Т.Мәмбетниязов, К.Худайбергеновлардың мақалаларында бир қанша тереңирек айтылып қиятыр. И.Сағыйтов, Б.Исмайылов, Ә.Пахратдинов, Қ.Султанов, К.Мәмбетов, З.Насуруллаева сыяқлы әдебиятшылардың поэзия туўралы жазған көпшилик мақалалары көркемлик шеберлик ҳаққындағы ойлары, әсиресе поэзиямыздың жетиспеўшилиги жөнинде айтқан пикирлери әдебият пенен беккем байланыслы. Оны буннан былайда раўажландырыў бойынша ойласықлары көпшиликти пикирлерине сәйкес келеди.

Ҳәзирги поэзиямыздың гейпара мәселелерине арналған мийнетлердиң арасында И.Сағыйтовтың "Әдебият ҳәм дәўир", "Қарақалпақ әдебиятының өсиў жоллары"(1979), Т.Мәмбетниязовтың "Поэзия ҳаққында ойлар" (1985) деп аталған топламларындағы ең жақсы мақалаларын атап өтиўге болады. Ҳәр жыллары жазылған бул мақалаларда сол дәўирдеги поэзияның сыры ҳәм сыпаты ҳаққында унамлы пикирлер жәмленген.

70-жыллары қарақалпақ поэзиясында И.Юсупов, Т.Жумамуратов. Т.Сейтжанов, М.Сейтниязов, Т.Мәтмуратов, К.Рахмановлардың дөретпелерине байланыслы критикалық мақалалар әдеўир тереңлести.

70-80-жыллары поэзияда унамлы баҳаланған шайырлардың бири И.Юсупов дөретиўшилиги болды. Ол ҳаққында Г.Есемуратовтың "И.Юсуповтың поэзиясы"(1976) деген арнаўлы изертлеў мийнети пайда болды. Сондай-ақ И.Сағыйтовтың "Новатор шайырдың поэзиясы", О.Бекбаўлиев ҳәм С.Абдуллаевтың "Тәсирли лирика" ("Әмиўдәрья", 1963, N10), К.Худайбергеновтың "Шайыр жүреги", К.Мәмбетовтың "Тумарис ҳаққында әпсана", Т.Мәмбетниязовтың "Дәўир ҳәм қаҳарман", "Ўақыт сезими" ҳәм т.б. мақалаларды атап өтиўге болады.

Қарақалпақ әдебияшы - критиклар арасында И.Юсуповтың дөретиўшилигин баҳалаўда алағатлық жоқ, оны улыўма дурыс түсинди.

Усыларды жуўмақластырғанда И.Юсупов өз поэзиясы менен ҳәзирги қарақалпақ әдебиятындағы жетекши шайырлардың бири. Ол - поэзиямыздың ҳақыйқат новатор шайыры.

Шайырдың дөретпесин түсинип, шын жүректен сезинип таллаў Г.Есемуратовтың, К.Рахмановтың шығармалары туўралы "Лермонтовтың жасы", "И.Юсупов поэзиясы" жөниндеги, К.Мәмбетовтың "Жүрек пенен сырласып" К.Худайбергеновтың "Поэзияның жаңа толқыны" деген мақаларынан байқаўға болады.

Г.Есемуратовтың жас шайыр К.Рахманов ҳаққында жазған мақаласы жай ғана рецензия емес, ал шайырдың қосықларының мағынасын терең түсинип оның менен бирге  ортақласыў сыпатында көзге түседи. Шайырдың басынан өткерген кеширмелери, кеўил-күйи менен қуўанышы, ренжиўи мақалада тәсирли жеткерилген. Критик шайырдың шығармаларының мәниси көркемлик күшин жүрек пенен түсинип таллаған, оның өзине тән шайырлық ҳаўазын көтерип ҳәм поэзияға қосып отырған жаңалығы анықланған.

Ә.Насуруллаевтың "Мениң заманласларым" деген шайыр Т.Жумамуратовтың топламына берген рецензиясында асығыс жуўмақ бар. Автор шайырдың он жыл даўамында берген топламындағы қосықларының өзинше таллаған. Жуўмақта: Т.Жумамуратовтың "Мениң заманласларым" атлы китабы поэзия майданында онлаған жыл ишиндеги ерискен табысларының  жуўмағы, бирақ творчествлық табыс емес, - дейди. Жазыўшылықта дөретиўшилик табыс болмаса, қандай табыс ҳаққында сөз болыў мүмкин. Ә.Насуруллаевтың мақалаларындағы усындай бир жақлама тасқыйықлаўлары баспа сөзде аз сөз болған жоқ. Бул ҳаққында Т.Есемуратов, Б.Исмайылов, И.Сағыйтовлар да өз ўақтында тийисли пикир айтқанлығы белгили.

## Әдебий критикада қарақалпақ прозасының мәселелери

60-80-жылларда проза, поэзия, драматургия көркемлик  шеберлик мәселелери әдебий-сынның дыққат орайында болып киятыр.  Ең алды менен көркем проза туўралы сын мақалалар дыққат аўдарады, өйткени кешлеў раўажланған проза жанры соңғы жыллары салмақлы орынға ийе.

Проза бойынша М.Нурмухаммедов, Ж.Нарымбетов, Ә.Қожықбаев, З.Насруллаева, Қ.Камалов, С.Баҳадырова, П.Нуржановлардың салмақлы изертлеў жумыслары жарыққа шықты, баҳалы-баҳалы мақалалар жазылды.

Проза бойынша изертлеўлер әдебий сын мақалалардың да илимий тереңлигине, дәлиллердиң салмақлы болыўына жәрдем етти, деп қараўға болар еди. Мәселен, "Әмиўдәрья бойында" романы басылып шықты. Ол ҳаққында жазылған сын пикирлер көплеп ушырасты. Бурын қарақалпақ әдебияты билмеген бул жағдай әдебий сындағы активликтиң көриниси еди. 1959-жылы Москвада, Өзбестан жазыўшылары шығармаларының додалаўында "Әмиўдәрья бойында" романына да үлкен дыққат аўдарылды.

Жергиликли баспа сөзде Қожықбаев, Темирқуловлардың пикирлери "Китап оқыўшылардың хатлары" ("Әмиўдәрья" 8,1958) сыпатында дағазаланды. С.Ахметовтың "Ҳәзирги заман темасы әдебиятың тийкары болсын" ("Ә"2,1959), М.Нурмухаммедовтың "Ҳәзирги проза ҳаққында ойлар". (Ә.N11,1962) А.Мухтардың "Ҳәзирги заман темасы - бул шеберлик мәселеси" ("Дружба народов" 2,1957) мақалаларында "Әмиўдәрья бойында" романының жетилискен ҳәм айырықша көркемлик жақтан гейпара жетиспеўшиликлери орынлы сыналды.

Жазыўшы К.Султановтың "Ақдәрья романы ҳаққында" баспа сөзде дыққатқа ылайық бир неше мақалалары жәрияланды. Бунын өзи ондағы активликти көрсете алады. М.Нурмухаммедовтың "Ақдәрья романы ҳаққында"(Школа мастерство. Тошкент, 1960.24-26, 165-170), И.Сағыйтовтың "Ақдәрья" романы туўралы ойлар" ("Ә"12,1965), Ә.Қожықбаевтың "Ақдәрьяны оқығанда" (1963,10) Қ.Мақсетовтың "Ўатандарлық урыс дәўири ҳаққында ҳақыйқатлық" (1962,10"Ә") Қазақ әдебиятшысы Т.Әлимқуловтың "Бир уўыс топырақ"(С.Қ.1969) мақалалары бир-бирин толықтырып, роман туўралы терең таллаў жасайды.

Биз жоқарыда әдебият критикасында жанрлық жиклениўшиликти айтқан едик. Сол айтқандай М.Нурмухаммедов көбирек проза тараўындағы критиканы раўажландырып киятыр. Оның сындағы проза бойынша байқаўлары автордың усы жанрдың пайда болыў ҳәм раўажланыў процесине арналған көлемли изертлеўлерине алып келгенлиги сөзсиз. Автор ушын тән нәрсе критикалық пикир менен изертлеўшилик пикирлерди ушластырып барыўшылық көп орынларда

билимпазға тән салдамалылық пенен жуўмақ жасаўшылық деп қараўға болады. Оның "Балықшының қызы" ("Ә"1961,8), "Әмиўдәрья бойында" романы ("Ә"1962,11), "Ө.Хожаниязовтың гүрриңлери" ("Ә"1963,3) "Үстиртти бағындырыўшылық ҳаққында повесть" (1964,8) "Ҳәзирги заман қарақалпақ очерклери" (1965,1), "Сейдан ғаррының геўишинде шеберлик мәселеси" (1966,9), "Ҳәзирги қарақалпақ прозасының гейпара актуаль проблемалары" (1970,10) атлы мақалалары өзиниң көтерген мәселелери менен баҳалы, буларда ҳәзирги прозамыздың раўажланыўының бағдары сөз етиледи, ҳәр бир жазыўшының стили ашып бериледи. Т.Қайыпбергеновтың "Соңғы хүжим" романы ҳаққында жазылған К.Қудайбергеновтың "Гүреслерде туўылған жеңис" (1961,5"Ә"), С.Абдуллаевтың "Коллективлестириў дәўириниң картинасы" ("Ә"61,5) деген мақалаларында тек бир жөнекей мақтаў ғана бар.

К.Қудайбергеновтың "Қарақалпақ қызының тәғдири" деген "Қарақалпақ қызы" романына арналған мақаласында базы бир мәселелерге тоқтаған.

Қ.Мақсетовтың "Қарақалпақ қызы" романы ҳаққында пикирлери ("Әмиўдәрья" 10,1970) өз жаңалығы менен дыққатқа ылайық. Автор "Қарақалпақ қызы" романы дәўир өзгерислерин ҳәр тәреплеме қамтыўы жағынан соған байланыслы өзгериске ушырап отырыўын көрсетиў менен қысқасы адамлардың, ҳәр қыйлы образлардың сапа жағынан белгили бир ўақыт ҳәм адам тәғдирин сүўретлеўи менен реалистлик роман дәрежесине көтерилген деп тастыйықлайды.

Соның менен бирге мақалада жазыўшының дөретиўшилик жеңиси ҳаққында байқаған орынлары да кеўилге қонымлы. Сәнемниң Зәрипбайдың үйинен қуўылып, далада қалыўын сүўретлейтуғын картиналар, тағы да Жумагүлдиң өз өмирине наразы болып, үкига таслап өлмекши болыўы оның монология китаптың ең жақсы орынларынан екенлигин Қ.Мақсетов дурыс ашады.

"Қарақалпақ қызы" романы ҳаққында жазылған критикалық мақалалардың арасында әдебиятшы Қ.Камаловтың "Жағымлы қосық" рецензиясы дыққат аўдарады. Егер де роман бойынша 445 хат келген болса, соның себеплери усы мақалада дурысырақ түсиндирилген. (С ҚҚ.59,1978)

Проза тараўында белгили орын ийелеген айырым шығармалар, әлбетте, пикир таласын туўдырды. Бул талас пикирлер жақсы шыққан шығармаға ҳәр қырынан қарап баҳа береди.

Оның өзиншелик орнын ашыўға ҳәр түрли өлшем талап қойыў көз-қарасынан шығады. Усы жағынан С.Аллияровтың "Қарақалпақ қызы" романы бойынша жазылған "Өмирге куштарлық " ("Ә"64,4) мақаласы оқыўшы да унамлы сезим туўдыратуғыны сөзсиз. С.Аллаяровтың "Ҳүждан шақырады" мақаласыда шығғарманы жетерли түсиндириўге жәрдем ететуғын рецензия. Бул С.Сәлиевтиң "Кәрўан мәнзилге гөзлер" повести ҳаққында жазылған.

Бул мақалалар критика тараўындағы автордың өзиншелик жолы, стили бар екенлигин көрсетип қоймастан, оның таллаў усылының жазыўшыға, оқыўшыға да пайдалы екенлигин аңлатады.

Прозаның көлемли формасы болған айырым романлар туўралы атап айтқанда, "Беруний", "Әжинияз" шығармалары бойынша К.Худайбергеновтың "Берунийди сүйип", "Әжинияз ҳаққында ойлар" (Ә, 8,1969) сыяқлы мақалалары авторлардың тәжирийбелилигине қарамастан сол шығармаларды бийкарлаў характерине ийе. Буларда субъективизм басым, дәлил жеткиликсиз.

Әдебий критика тараўында әдеўир тәжирийбеге ийе К.Қудайбергеновтың "Әжинияз" романы ҳаққындағы пикирине де қосылыў мүмкин емес. Жоқарыда айтқан субъективизмниң зыянлы жағы усы мақалада бар. Бул романның жетискенликлери де кемшиликлери де бар. Бирақ автьор дәўирдиң шынлығын ашывп бере алды. Халықтың үрп-әдетин шебер биледи, оқыўшының ядында қаларлық образлар жасады, романның бундай түри қарақалпақ әдебиятының биринши тәжирийбеси еди.Шығармадағы Әжинияз образының еле де жетилисиўи, Есенгелди образын бурмалаўдың ретсизлиги көпшилик әдебиятшылар тәрепинен дурыс көрсетилди. М.Нурмухаммедов, И.Сағыйтов, Т.Мәмбетниязовлардың пикирлери унамлы сыпатқа ийе. Проза тараўындағы ири дөретпелер, әлбетте, критиканың дыққат орайында турды. Соңғы жыллары дөреген "Қарақалпақ қызы", "Қарақалпақ дәстаны" сыяқлы сүйикли шығармалар, сөзсиз бизиң прозамызды аўқамлық масштабта танытыўына мүмкиншилик берди. Бул романлар ҳаққында

критикада унамлы пикирлер аз емес. "Правда", "Литературная газета", "Вопросы литературы" сыяқлы орайлық баспа сөз бетинде соңғы жыллары Т.Қайыпбергеновтың романлары улыўма аўқамлық әдебияттың атап айтқанда тарийхый романның жетискенликлери сыпатында баҳаланыўы атап өтиўге болатуғын белгили факт. К.Яшинниң "Т.Қайыпбергенов ҳәм оның "Қарақалпақ қызы" романы ҳаққында" (СК.1977) И.Суровцевтиң "Тарийхый роман ҳаққында заметкалар" (ПравдаN81984) В.Оскосцкийдиң "Тарийх пенен тәрбиялаў" ("Правда" 18-сентябрь. 1979) Ю.Карасевтиң "Халық тағдирлери" мақалалары Т.Қайыпбергеновтың тарийхый романлары жазыўшының дөретиўшилик жетискенлиги сыпатында улыўма аўқамлық талап пенен баҳаланғанлығын көремиз. Қарақалпақ, өзбек әдебиятшыларының мақалаларында басылып шыққан изертлеўлеринде бул романлар кеңирек ҳәм ҳәр тәреплеме сөз болып атыр. М.Нурмухаммедовтың "Ҳәзирги қарақалпақ прозасының гейпара актуаль мәселелери" ("Ә"10,1970) З.Насруллаеваның "Асыўлар алды" (СК1978), С.Баҳадырованың "Маман бий" әпсанасы" ҳәм "Бахытсызлар романы ҳаққында" (С.ҚҚ, 1978) С.Аллаяровтың "Жылнаманың әжайып бети" (ҚҚ, 1980) К.Камаловтың "Кәрўан басы" (ҚҚ, 1978). Мақалаларды көзден өткериў жеткиликсиз. Усылар менен бир қатарда С.Баҳадырованың "Роман ҳәм дәўир" (1978), Қ.Султановтың "Т.Қайыпбергенов прозасы"(1979) монографиялық изертлеўлеринде бул шығармаларға үлкен кеўил бөлинген.

Т.Қайыпбергеновтың "Маман бий" әпсанасы, "Бахытсызлар", "Түсиниксизлер" романлары кең масштаблы ўақыяларды тереңлик пенен ашып беретуғын ири тулғалы шығармалар. Роман туўралы қандай пикир айтылса да автордың мийнет оқыўшылар талабына көп орынларда жуўап беретуғынлығын ҳеш ким бийкарлай алмайды М.Қарабаевтың "Буннан 200 жыл бурын"("Ә",1969,4), Ә.Қожықбаевтың "Тарийхый дослық әпсанасы" ("Ә"1964,10), А.Муртазаевтың "Өткен заман туўралы жазғанда"("Ә"3,1972) мақалалары роман туўралы толығырақ таллаў жасап, көп пикирлерди ортаға салған деп қараўға болады.

С.Баҳадырованың "Тәғдийр" атлы диалогиясы бойынша З.Насруллаеваның "Тәғдийр" романы ҳаққында" деген рецензиясы жәрияланды ("Ә"3,1988.)

**Қарақалпақ фольклорының изерлениўи ҳәм әдебий сын**

(Қ.Айымбетов. И.Сағыйтов, Қ.Мақсетов)

Әдебият илиминиң үлкен бир тараўы-қарақалпақ фольклористикасы. Қарақалпақ фольклоры жанрлық түри жағынан бир қанша толық изертленди. Солардың ишинде биз И.Сағыйтовтың "Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы" (1963), Қ.Айымбетовтың "Халық даналығы" (1968), Қарақалпақ фольклоры (1977), Қ.Мақсетовтың "Қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны "Қырық қыз" (1952), Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы (1965) сыяқлы ири мийнетлерди атап өтиўимизге болады. Сондай-ақ "Қарақалпақ фольклоры тарийхының очерклери" (Фан-1977) деп аталатуғын коллектив мийнет халоқымыздың мийрасын (пропагандалаўға) кеңнен түсиндириўге салмақлы орын тутады.

Фольклордың ҳәр түрли жанрлық түрлери бойынша жазылған изертлеўлер фольклористикамыздың жан-жақлы түсиндирилиўинде белгили орын ийелейди.

Бир ўақытлары Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, И.Сағыйтовлар баслаған изертлеўлерди толықтырыўшы бул жумыслардың қатарына биз ХХ әсирдеги қарақалпақ фольклоры бойынша Н.Камалов, М.Низамтдиновлардың сондай-ақ ертеклер ҳаққында Қ.Мәмбетназаров, халық нақыл-мақаллары бойынша Т.Ниетуллаев, халық қосықлары туўралы Ә.Тәжимуратов, жумбақлар ҳаққында Ә.Алымов "Мәспатша" дәстанына арналған А.Әлиевтиң "Алпамыс" дәстанына бағышланған Ж.Хошниязовтың айтысларға байланыслы К.Алламбергеновтың мийнетлерин қосыўымызға болады.

Булар китап сыпатында басылып атырған көп томлық фольклорлық мийраслар сөзсиз белгили изертлеўшилеримиздиң жемисли жумысларының нәтийжеси. Булар қарақалпақ фольклорының илимий тарийхын жасаўға алып келеди.

Әдебият илиминиң толысып жетилисиўинде айрықша оның үлкен тараўы фольклористиканың илимий жақтан жуўмақланып изертлениўинде Қ.Айымбетов оғада белгили орын ийелейди. Қ.Айымбетов қарақалпақ мәдениятының барлық тараўында ҳәрекетшең көринген, оны раўажландырыўда айрықша үлес қосқан мәдениятымыздың мийнеткеши

болды. Қарқалпақ әдебияттаныў илимин баслаўшылардан есапланады. Халық ғәзийнесиниң дүрданаларын көздиң-қарашығындай сақлап, жыйнаўшы, елдиң таратыўшылары көрнекли ўәкиллериниң бири. Ол 20-жыллардың ақырында-ақ мектеплер ушын оқыў-китапларын жазып, мәдений билим ушын зәрүрли мәселелерди шешти.

Қ.Айымбетовтың дәслепки мақалалары 30-жыллардың басларында жазылды. Ол фольклорлық шығармаларды көп жыйнады, оларды илимниң айналысына салды. "Едиге", "Алпамыс" дәстанларын биринширлерден болып бастырып шығарған Қ.Айымбетов болды. Оның қәлемине тийисли "Қарақалпақ драматургиясының тарийхының очерклери"(1959) белгили изертлеўлердиң қатарына киреди.

Қ.Айымбетовтың "Халық даналығы"(1968) мийнети автордың көп жыллардан берли алып барған изертлеўлеринен есапланады. Бул мийнетте қарақалпақ жыраўлар, бақсыларының атқарылыў шеберликлери изертленген. Автор жыйналған бай материаллар тийкарында салт-дәстүр жырларын, мийнет қосықларын, ертеклер, нақыл-мақаллар, айтыслар, тарийхый жырлар сыяқлы аўыз әдебиятының аз изертленген жанрлары ҳаққында бай пикирлерди келтиреди. Жуўмақлап айтқанда Қ.Айымбетов қарақалпақ фольклорын изертлеўде үлкен алым.

Әдебий критика менен әдебият илиминиң ҳәр тәреплеме раўажланыўында мол өнимли мийнет еткенлердиң бири И.Сағыйтов болды. 30-жыллардың ишинде қәнигелиги критик сыпатында көринген И.Сағыйтов әдебият тарийхын, қарақалпақ фольклорын изертлеўде белгили орын тутты.

"Әдебият теориясының мәселелери" (ҚҚN4, 1936), "Қарақалпақ әдебиятында сын мәселелери" атлы проблемалық мақалаларын атап өтиў орынлы болар еди.

Бир қанша ўақытлар искусство ийелери бойынша басқармада, баспа жумысларында (1932-34, 1943-45) исleди. И.Сағыйтов 1948-жылдан баслап Н.Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының XIX әсир қарақалпақ әдебияты бөлиминде, 1949-жылы Казан университетиниң журналистика бөлимин питкерип шықты.

1956-жылы "Бердақтың творчествосы" деген темада кандидатлық жумысын қорғады. 1963-жылы "Қарақалпақ қаҳарманлық эпосы түркий

тиллес халықлардың эпослары салыстырма изертлеў тәжирийбесинен" деген темада филология илимлериниң дәрежесине докторлық жумысын жақлады.

"Бердақ уллы демократ шайыр" деген ат пенен 1943-жылы биринши китабы басылып шықты. Соң автор бул теманы әдеўир раўажландырып "Бердақтың творчествосы" (1958) монографиясын жазды. Усы мийнетин бир қанша толықтырып 1974-жылы "Саҳра бүлбили" деген ат пенен жәриялады. 1963-жылы "Әдебият ҳәм дәўир", ал 1979-жылы "Қарақалпақ әдебиятының өсиў жоллары" атлы топламларын баспадан шығарды. "Қарақалпақ қаҳарманлық эпосы" И.Сағыйтовтың узақ жыллық изертлеў жумысының жуўмағы болып табылады. Бунда қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының әҳмийетли мәселелери, олардың ҳәр түрли вариантлары изертленеди, салыстырма изертлеў арқалы қарақалпақ, өзбек, қазақ түркмен эпосларының бир-бири менен жақынлығы ҳәм айырмашылықлары көрсетиледи.

Қарақалпақ фольклористика илиминиң әдеўир раўажланғанлығы оның таярлаған кадрларына байланыслы қарастылыўы керек. Жоқарыда айтқанымыздай-ақ буған жол салған А.Дәўқараев. Қ.Айымбетов, соң И.Сағыйтов ҳәм басқада көплеген жас изертлеўшилер өсип жетилисти. Усылардың күш салыўлары менен фольклор, оның көпшилик түрлери изертлеўдиң объектисине айналды. 60-жыллардан баслап үш илим докторы шықты. Усылардың ишинде орта буўын ўәкили Қ.Мақсетов (1929) жыйнаўшы ҳәм изерлеўши сыпатында көп мийнет етти.

Қ.Мақсетов творчествосына тән сыпат ол көп жыллар даўамында халық мийрасларын тынбастан жыйнап, оны системаластырып бастырып шығыўдан ибарат. 1966-жылы Қ.Мақсетов "Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы" бойынша докторлық жумысын жақлады. Бул шығыс халықларымыз дәстанларының поэтикалық изертлеў бойынша белгили теориялық жумыс болып табылады. Ол 1958-жылы "Қарақалпақ халық эпосы, "Қырық қыз" деген темада илим кандидаты дәрежесин алды.

Оның дөретиўшилигинде "Қарақалпақ халық эпосы "Қырық қыз"(1962), "Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы" (1970), "Қарақалпақ эпосы" (1976), "фольклор ҳәм әдебият" (1975), "Қарақалпақ жыраў-бақсылары" (1983) белгили орын тутады.

"Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы" өз проблематикасы бойынша буған шекем жарыққа шыққан фольклор бойынша изертлеўлерден парқ қылады. Автор қарақалпақ дәстанына байланыслы оғада бай фактлик материаллардың тийкарында дәстанлардың жанрлық ҳәм қурылыслық өзгешеликлерин - поэтика мәселелерин теориялық жобада қарастырған. Дәстанда образ дөретиў, көркем сүўретлеў қураллары, қурылысы, дәстанлардағы прозалық элемент - олардың орны ҳәм әҳмийети ашып берилген.

"Қарақалпақ жыраў-бақсылары" китабы тиккелей байланыслы. Бунда қарақалпақ жыраўлары, бақсыларының творчестволық портретлери берилген емес, ал олардың атқарыўшылықларындағы, атқарыўындағы өзиншеликлер, көркемлик сыпатлары, музыкалық өнерди раўажландырыўға жасаған тәсири ҳәр бир ири талантқа байланыслы усы жағынан билим бериўшилик, эстетикалық қунлылыққа ийе.

Автордың "фольклор ҳәм әдебият" китабы оның ҳәр жыллары жазған изертлеў мақалаларынан қуралса да, оған идеялық, тематикалық бирлик характерли. Илимпаз өзиниң таңлаған мәселени әтирапында фольклор менен әдебияттың байланысын булардың бир-бирин толықтырып турыў нызамлылығын ашыўға умтылады. Айрықша "Бердақ ҳәм фольклор", "Аяпбергенниң творчествосында фолкьлоризм", сондай-ақ Ж.Аймурзаевтың "Айгүл Абат", И.Юсуповтың "Тигиўши хаял ҳаққында ҳақыйқатлық", С.Хожаниязовтың "Сүймегенге сүйкенбе" шығармаларына байланыслы мақалалары өзиниң илимий жуўмақластырылыўы менен қызықлы.

"Қарақалпақ фольклорының эстетикасы" мийнети қарақалпақ әдебияты илиминде фольклордың әҳмийетин үйрениўде үлкен дыққатқа ылайық.

## Қарақалпақ әдебий сынында драматургия мәселелери

Әдебиятымыздың проза, поэзия жанрына байланыслы жазылған критикалық мақалалар менен салыстырғанда драматургия ҳәм театр сыны әдеўир артта қалып атырғанлығын көрмеў мүмкин емес. Әдебияттың раўажланыў дәрежеси әдебият сынының да дәрежесин белгилейди деген

пикирге сүйенсек биз драматургия жанрын басқа жанрлар менен салыстырғанда артта қалып отырғанлығын сондай-ақ бул тараўда жазылған терең илимий критиканың да жеткиликсиз екенлигин жасыра алмаймыз. Театр сахнасында "Айгүл-Абат", "Сүймегенге сүйкенбе" сыяқлы тамашагөйлердиң сүйиўшилигине бөленген пьесалар күтә кем, ал көркем шығармалардың белгили сюжетине пьеса жазып сахналастырыў еле тийисли нәтийже бермей атыр. Өйткени тамашагөйлерге оригинал сахналық шығармалар керек. Бүгинги турмыстан жазылған пьесалар театр репертуараларында турақлы қала алмай атыр. Соңғы жыллары жазыўшыларымыздың съездлери менен пленумларында драматургияның актуаль мәселелери арнаўлы түрде додаланды. Бир қанша жақсы пикирлер айтылды.

Мысалы, Т.Сейтжанов өзиниң жазыўшылар аўқамының пленумда ислеген "Қарақалпақ драматургиясының ҳәзирги жағдайлары ҳәм бизиң ўазыйпаларымыз" ("Ә" 7, 1971) деген баянатында ҳәзирги күн темасына арналған пьесалардың характерли бир кемшиликлерин оғада дурыс көрсеткен еди. Ҳәзирги заман темасына жазылған Ж.Аймурзаев ҳәм Т.Алланазаровлардың "Рәўшан", Ж.Аймурзаевтың "Қәдирдан доктор" Т.Сейтжанов ҳәм Б.Қәлимбетовлардың "Қырлы соқпақлар", С.Хожаниязовтың "Талўас" ҳәм И.Эшматов пенен Р.Ешимбетовлардың "Жайлаўда той" пьесаларының мазмунын салыстырып қарайық. Олардың бәринде де алынған тема ҳәр қыйлы бирақ мазмунлары бир сюжетке ҳаял-қызлар арасындағы бузылып, дүзелиўлерге қурылған. "Рәўшан" пьесасында жездеси Рәўшанды өлген апасының орнына алмақшы болады ҳәм оның Мурат пенен болған мухаббатының арасына суғлығысады. "Қырлы соқпақлар" пьесасында Зийба менен Полаттың мухаббатының арасына Пәрўаз, "Талўас" пьесасында Талўас пенен Төребайдың мухаббатларының арасына дүканшы, "Жайлаўда той" пьесасында Парахат пенен Гүлсәнемниң арасына Палымбет, "Қызлар ҳәзили" пьесасында Еркебай менен Пердегүлдиң арасына бир жас қыз суғлығыстырылады.

Белгили драматургимиз Т. Сейтжанов соңғы ўақытлары дөреген ҳәм сахнада көрсетилген бул пьесалардың бир-бирине еки тамшы суўдай уқсас екенлигин жақсы аңғарған. Бундай моментлер көрерменлер ушын қызығыўшылық оята алмайды. Драматургия менен театрға байланыслы

жазылған критикалық мақалаларда тийкарынан "Айгүл-Абат", "Сүймегенге-сүйкенбе" пьесаларының әтирапында болып қалды. Мысалы "Айгүл-Абат" туўралы К.Султановтың "Терең мазмунлы көркем шығарма" ("Ә", 1988, 7), Ж.Қайырбаевтың "Көргенимиз ҳәм кеўилдегимиз" ("Ә",4,1962 ), Қ. Мақсетовтың "Ж.Аймурзаевтың "Айгүл-Абат" пьесасындағы фольклорлық элементлер" ("Ә",1961,10) "Сүймегенге-сүйкенбе" пьесасы ҳаққында Баяндиевтың "Жети жүз рет қойылған пьеса" ("Ә",1962,10) Қ.Султановтың "Кеўил алтынға берилмес", Қ.Мақсетовтың "Сүймегенге сүйкенбе" пьесасының халықлығы" сыяқлы мақалаларды атап өтсек жеткиликли. Соның менен бирге булардан басқа да Ж.Қайырбаевтың "Талўас", Б.Турсынов "Турмыс ҳақыйқатлығы дурыс көрсетилсин", "Жайлаўда той" пьесасы ҳаққында", "Драматургиямыз дәўир талабына жуўап берсин", "Театр ҳәм драматургиямыз туўралы ойлар" ҳәм басқа да әдебиятшылардың мақалалары тийкарында пьесалардың жазылыўы, саханға қойылыўына байланыслы мәселелер ортаға қойылды. Драматургияның артта қалыў себеплери сыншы Б.Турсуновтың "Қарақалпақ драматургиясы" мақаласында исенимли келтирилген деп ойлаўға болады. Автор конкрет шығармаларды таллаў менен ғана шекленбестен, соңғы жыллардағы репертуар мәселелерине, бүгинги күн темасын сәўлелендириўши пьесалардың болмаўында оған дөретиўшилик қатнастың жоқ екенлигин дәлилеген.

60-жыллары драматургияға тиккелей араласып, әдеўир тәжирийбе топлаған Т.Сейтжановтың көпшилик пьесалары бүгинги турмысты сүўретлеўге арналған. Театр изертлеўшиси, белгили әдебиятшы илимпаз Т.Алланазров усы драматургия дөретиўшилигине байланыслы бир қатар проблемалық мәселелерди көтерген "Ҳүрметли Тәжетдин Сейтжанов" деген сын мақаласын жәриялады. Бул мақалада Т.Сейтжанов ғана емес басқа да драматурглеримизге тән кемшиликлер сезиледи.

Автор өзи сезген, байқаған кемшиликлерди белгили драматургтиң творчесвосына байланыстырып ортақласады. Улыўма мәдениятлылық пенен жазылған бул мақалада Т.Сейтжановтың пьесаларындағы кемшиликлер дурыс ашып берилген. Т.Сейтжанов пьесаларындағы кемшиликлер-бул тематикалық қайталаўлар, уқсас темалардың бир

шығармадан екиншисине өзгериссиз көшириле бериўи, усыларды жаңалықсыз, драматургиялық жаңа исенимсиз берилиўин айтыўға болады.

Көпшилик пьесаларда бир-бирине уқсас, ойы сайыз, қызғаншақ, ишип турмыстан бузылған жаслардың образларының берилиўи. Драматургтиң пьесаларындағы ендиги бир кемшилик мақала авторының көрсетиўи бойынша мухаббат темасының сүўретлениўиндеги биргелкилик, хатта мынадай пикир бар:

"Тынымсыз толқынлар" атлы пьесаңызда бурынғы пьесаларыңыздай мухаббат темасы қозғалады. Әдеттегинше бир қызға еки жигит ашық болады. Қызда екеўиниң қайсысын таңларын билмей пьесаның ақырына шекем жуўырып жортып жүреди. Сиз бир қызға еки жигитти байлағаныңыз бенен турмай, бир жигитке еки қызды ашық етипсиз. Және ол аздай усы пьесаңызда Ердан менен Айханның, Бекет пенен Ажардың да ашықлығын қосыпсыз. Және де бул ашықлар бир-бирине өз ара сюжетли қарама-қарсылықлар сабағы менен байланыстырылмаған. Пьесаңыздағы ашықлардың саны төрт жуп, сегиз адамға жетипти. Қәне, өзиңиз-ақ ойланып қараң, бир пьесаның ишинде сегиз адамды усындай бир-бирине ғәрезсиз түрде ашық етиўдиң қандай зәрүрлиги бар еди. Мақалада булардан басқа пьесаның стили, көркемлиги, ушырайтуғын жасалма образлар жөнинде де объектив пикирлер бар. ("Ә", 1965,6)

Драматургия мәселелерине арналған мақалалардан Г.Есемуратовтың "Өмир ҳәм сахна" деп аталған ("Ә"1971,7) критикалық обзорын атап өтиў орынлы болады.

Автор бүгинги турмысты сүўретлеўдиң "Талўас", "Қырлы соқпақлар", "Күйгелек көзли яр" т.б. пьесаларды таллап. Олардың көркемлик дәрежеси бойынша дурыс жуўмақ жасайды Автордың "Сүймегенге сүйкенбе" ден кейинги "Талўас" деген пикири де орынлы. Ал қалған еки пьеса ҳаққында базыбир кемшиликлерди дурыс атап өтеди. Белгили театр изертлеўшиси Т.Алланазровтың "Драматургияға талап күшли" (СҚ N 7,1987) деген мақаласы улыўма драматургия жанрына жетерли кеўил бөлинбей атырғанлығын орынлы көрсетеди. "Жас талантлылар жетиспей атыр. Жазыўшылар аўқамы олар менен жетерли ислеспейди, сонлықтан истиң де боладылыққа салыныўы ғамхорлықтың азлығынан болып атыр" деп тастыйықлаўының тийкары бар.

# ҒӘРЕЗСИЗЛИК ДӘЎИРИНДЕГИ ӘДЕБИЙ СЫННЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎ ДӘРЕЖЕСИ

Рецензия әдебий сынның көп формалары ретинде өзиниң шаққанлығы, барлаўшы разведка сыяқлы ең алда жүретуғын жанрларынан болғанлықтан ол қысқа-қысқа әдебий сын портретлер сыяқлы ҳәр қандай әдебий өмирдеги жаңалықларды тез бақлап, оны жәриялап жеткерип, шайыр ҳәм жазыўшылардың табысларын әдил баҳалап барады. Сонлықтан да қарақалпақ әдебий сынының изертлеўшилериниң бири профессор С.Ахметов: "…рецензия кишкене көлемли болғаны менен терең мазмунлы, өткир, әдебияттың өсиўине жәрдем етеди…ол жарыққа шыққан шығарманы хабарлап, көпшиликке жеткерип отырады".[1]

Мине, усыған сәйкес баҳаны бизиңше ХХ әсирдиң 90-жылларындағы қарақалпақ әдебий сынына байланыслы да айтыўға болады. Өйткени тап усы жыллардағы рецензиялар негизинен белгили әдебият сыншылары ҳәм әдебият изертлеўшилери болған Қ.Султанов, Қ.Байниязов, Б.Қәлимбетов, К.Алламбергенов ҳ.т.б. менен бирге Ж.Есенов, Қ.Оразымбетов, П.Нуржанов, З.Бекбергенова ҳ.т.б. сыяқлы әдебий эстетикалық ой менен әдебият илимине сәл кейинирек актив араласып атырған қәлем ийелери тәрепинен бурыннан қәлеми ысылған ҳәм жас буўындағы шайырлар болып есапланған И.Юсупов, Т.Жумамуратов, Х.Сейтов, Б.Қайыпназаров, М.Сейтниязов, Т.Мәтмуратов, Ш.Сейтов, Т.Сәрсенбаев, К.Рахманов, Ж.Избасқанов, Х.Дәўлетназаров, Ә.Өтепбергенов, М.Жуманазарова, Н.Төрешова, Ш.Аяпов, О.Сәтбаев, М.Бердиевлардың жаңа топламларына ямаса олардың айырым ири көлемли жеке лирикалық, лиро-эпикалық шығармаларына арнап жазылады. Демек, усы еки фактти-шайырлар ҳәм әдебий сыншыларымыз дизимин салыстырып көргенниң өзинде-ақ жанлы ҳәрекеттеги әдебий процесс ямаса миллий поэзиямыз бенен әдебий сынның өз-ара ажыралмас байланыста өмир сүрип раўажланып атырғаны белгили болады. Себеби олардың аты-жөнлериниң дизиминен-ақ еки түрли, еки топардағы қәлем ийелериниң ҳәр қыйлы әўладларының да

[1] Ахметов С. Қарақалпақ әдебий критикасы ҳәм әдебият илиминиң тарийхынан. Нөкис, 1980, 9-бет.

арасындағы өз-ара диалектикалық байланыслар да түсинген әдебиятшыларға жетерли сезилсе керек.

Хош, енди әдебий сын рецензияларда поэзиямыз табыслары қалай баҳаланған?! Солардың айырымларына жеке тоқтап, олар ҳаққыда өз пикирлеримизге кеңирек тоқтасақ… Әдебият сыншыларымыз ең алды менен белгили, атақлы шайырларымыз дөретпелеринде, сондай-ақ ең соңғы жас буўын қәлем ийелериниң поэтикалық дөретпелерин де рецензия объекти етип алған.

Марҳум талантлы сыншы-әдебиятшылардың бири Қәлимбет Султанов 70-жыллардан берли әдебий өмирдеги жанкүйер сыншылардың бири. Оның 90-жыллары да И.Юсупов, Б.Қайыпназаров, К.Рахманов, Т.Сәрсенбаев сыяқлы белгили шайырлардың дөретпелери туўралы рецензиялары жәрияланады. Қ.Султанов шайыр И.Юсуповтың "Беглигиңди бузба сен" топламына жазған рецензиясында, ондағы қосықлардың идеялық-тематикалық өзгешеликлерине тоқтай келип мынадай қатарларды келтиреди:

Жылан жалағандай дүканлар кепти,
Ийген желинлерди суў алып кетти.
Жумыс қалды, айтыс базары қызды,
Биреў жойбарласа, биреўлер сызды…[2]

Ҳақыйқатында да-бул жаңа дәуирдиң поэзиясы еди, бул жәриялылықтың соңы басқа бир муқамларға дөнип, "дәўирдиң, заманның гәрдиши" басқа таманларға қарай дөнип баратырған ўақыттың көриниси екенин түсинемиз. Сыншы-әдебиятшы шайырдың жаңа топламына пикир айтарда ең алды менен усыған итибар берген. Сондай-ақ рецензияда шайырдың "Алыс Малайзия кешелеринде…" атлы қосықлар дүркинине де айрықша тоқтап, сол жердеги "қызғанысып ийттей ырылдаспастан" жасап атырған тәртип-интизам менен бизиң минез-қулқымыз арасындағы парққа сер салады.

Қ.Султанов устаз шайырдың жаңа топламындағы дослық, муҳаббат хаял-қызлар темасындағы қосықларына да тоқтап, олардың барлығын қәлем ийесиниң жеке өмирлик ҳалатлары менен жүдә дурыс, аналитикалық түрде шебер байланыстырып таллаған.

---

[2] Султанов Қ. Жаңа дәўирдиң поэзиясы. - "Қарақалпақстан жаслары", 15-февраль, 1996.

Сыншы Қ.Султанов "Өмир толғаныслары" рецензиясында К.Рахмановтың "Мәнзилим алыс" топламын таллай отырып, шайырдың туўылған жер ҳаққындағы баҳалы поэтикалық пикирлерин келтиреди. Сыншы "К.Рахмановтың ҳәр бир қосығынан еки ушлы пикир шықпайды. Топламға киритилген ҳәмме шығармасында нышанаға дәл тийетуғын пикирлер орын алады. Бул жағынан оның шығармалары басқа шайырлардың шығармаларынан үлкен артықмашылыққа ийе…"[3]-деп дурыс жазған. Сондай-ақ сыншының: "Дурысында, тема көп, ал оны әдебий образлар арқалы сәўлелендиретуғын шайырлар аз. Кеңесбай теманы да табады, оны тереңлестириў ушын жаңадан жаңа шығармалар дөретеди"-деген пикирлерине де қосылмаў мүмкин емес.

Қ.Султанов шайырдың жаслық дәўир философиясы ҳаққындағы поэтикалық ойларын, олардағы жақсы тилекти, тереӊ образлылықты дурыс белгилейди. Оның айтқанындай, шайыр:

Әке сизден өтинемен биракта,
Екеўимиз мингеспейик бир атқа,

-деген қатарларды дөреткен еди. "Бул жерде гәп кескин қойылады, ат - минип жүретуғын көлик емес, ал адамларды соңғы сапарға шығарып салатуғын табыт -ат болып есапланады."

Бул жүдә өткир ҳәм гуманистлик пикир. Онда өмир трагедиясы бар.

Сыншының дурыс түсингениндей К.Рахманов поэзиядағы философ шайырлардың бири. Оны Қ.Султанов рецензияда келтирген мынадай қатарлар дәлийллейди:

Өмир шубатылған арқанба десем,
Ол гүрмеўге келмес қысқа жип екен.
Оның майданлары дарқанба десем,
Адым сайын аңлып жатқан бүк екен.
Арқайын жүриўге болмады ўақыт,
Тулпарға жарысып жаслықта өтти.

Әдебятшы-сыншы Қ.Султановтың "Булттан шыққан ай болып" ("Еркин Қарақалпақстан", 24-август, 1996) атлы рецензиясы шайыр Т.Сәрсенбаевтың Бердақ атындағы сыйлыққа усынылған топламы ҳаққында жазылады.

---

[3] Султанов Қ. Өмир толғаныслары. "Қарақалпақстан жаслары", 24-июль, 1997.

Рецензия аты Аяпберген шайырдың "Булттан шыққан ай болып…" деген қатарлары менен аталыўы да усы айрықша пафосты көрсетип; ол сыншы сөзи менен айтқанда "Т.Сәрсенбаев "Тақырқант" атлы таза топламын шығарды, соған шекем аўызға илинбеген…оның шығармалары булттан шыққан айға усап, 80-жыллардан баслап белгили болғаны анық. Оның шығармалары жарқырап турады… Ол пахтакешке, салыкешке, механизаторға яки аўыл басшыларына арналған қосықлар жазыўды үрдис етпейди… Ол дөреткен шығармалардың ҳәммеси миллий өзгешелигимизди таныўға, миллий идеологияны әмелге асырыўға қаратылған". "Теңелбай сөзден нағыс оятатуғын шайыр". "Терең философ, сезимтал лирик Теңелбей Сәрсенбаев… сөзлерди жупкерлестириў де, тәқәллесин түсирип айтыўда шайыр И.Юсуповтан, …жақсы қосықларын ядтан айтыўда Т.Жумамуратовтан кем шайыр емес десек қәтелеспеймиз". "…қосықтың өзи де адамға жасындай тәсир етеди. Қосық та жасын, жасында жасын… Т.Сәрсенбаевтың қосықларында мапазға айланған, адамларға ақыл-нәсият беретуғын шығармалары жоқ. Бул 70-жыллардан басланған әдебияттың раўажланыў ағымына өзиниң үлесин қосып киятырғанын дәлийллейди". "Оның ҳәр бир қосығында өзине тән болған тамға басылған". (Аталған рецензияда).

Жеке шайыр ямаса жеке жазыўшылардың творчестволық портретин (тулғасын) жасаў әдебий сыншылардан ҳәр түрли бағдарларда (объект, темалар, тулғалар таңлай билиў, оны зийреклик пенен терең сезинип таңлаў, "портрет"тиң өз ишинде де жаңашыл формалар излеў, тил шеберлиги, өзинше пафосқа берилиў) изленис ҳәм жаңашыллықларды талап етеди. Әдебиятшы-сыншы Ж.Есенов бир мақаласында жазғанындай:

"Әдебий сын портрет"те әдебий көркем шығармаларды фельетон, очерк, гүрриң, повесть тағы басқа жанрлық түрлери сыяқлы әдебий сынның жанрлық көптүрлилигиниң бири болып есапланады. Былайынша айтқанда "рецензия", "әдебий сын портреттиң" ямаса творчестволық портреттиң "проблемалық, шолыў мақаланың" орнын алмастыра алмайды. Олар образлы айтқанда бир теңиз-әдебий көркем сынға келип қуйылғаны менен олардың өз ағыслары, өз ийримлери ҳәм өз реңлери бар."[4]

[4] Есенов Ж. Жазыўшылардың тулғасын шебер ашайық. "Еркин Қарақалпақстан", 1999, 10-июнь.

XX әсирдиң 90-жылларындағы қарақалпақ әдебий сынында дөретилген "творчестволық портрет" лердиң жағдайына, теориялық ҳәм әмелий нәзер менен де қарар болсақ, онда усы тараўдағы бираз изленислер ҳәм айырым кемшиликлер де белгили болады. Әлбетте, әдебий сынның, улыўма көркем әдебияттың да қәлеген тараўында ҳәмме ўақытлары бирден табысқа ерисиў кете бериў, сол жанрдың талапларында бирден меңгерип, көпшилик дейдинен шыға билиўде қыйын.

Сол сыяқлы әдебий творчестволық портрет дөретиўде гейде сыншы ушын сөз етилген қәлем ийесиниң бурын сөз етилмегени ямаса теманың тың, актуаль екенлиги әҳмийетли. Оған көпшилик ықлас, айрықша инта менен қатнас жасайды, сүйип оқып қабыл етеди. Гейде керисинше, талантлы жүдә эрудициялы сыншылар ямаса илимпазлар бурыннан сөз етилип киятырған классик шайырлар ҳаққында да толып-тасып отырып жақсы творчестволық портретлер жаза алады. Бизиңше буның ушын ең алды менен сыншы яки илимпаз ушын сөз етилетуғын талант ийеси - дөретиўшиге деген жанлы пафосы, ықласы ҳәм оның дөретпелерин жан-тәни менен түсинип жететуғын сезимталлық талант, интуиция ҳәм теориялық саўат та керек. Булай етпегенде сыншы-әдебиятшы ҳәр қандай творчество ийесиниң дөретпелеринен де дурыс жуўмақ шығарып, оның портретин тәсирли етип сыза алмайды.

Егер биз өзимиз айтқан пикирлерди анық фактлер менен таллап қарасақ, белгили сыншы марҳум Қ.Султанов бир қысқа портретинде[5] К.Рахманов поэзиясын шағын ҳәм өтмили етип сөз етеди, ал сыншы Қ.Оразымбетов[6] портретлик-рецензия сыпатына ийе дөретпесинде жас шайыр М.Бердиевтиң қосықларын жүдә берилип таллап, ондағы "сығасқан ой ағымларын, тереӊ пикирлеўлерди, шайырдың ойлаў шеңбериниң әдеўир кеңлигин", символико-метафоралық, астарлық қәсийетлерди, қосық қурылысындағы жаңалықларды да дурыс таллайды. Ол жас шайырдың "Соңғы оқ" атлы поэмасына да орынлы пикирлер ҳәм ескертиўлер айтады. Жас сыншы өзине заманлас шайыр дөретиўшилигиндеги өмир толғанысларындағы философияға кеўил аўдарып мынандай қатарларды да келтиреди:

Сен ислейсең, мен ислеймен-күн узақ,

[5] Султанов Қ. К.Рахмановтың поэзиясы. "Қарақалпақстан жаслары", 1997, 10-июль.
[6] Оразымбетов Қ. Поэзияның сырлы дүньясы. "Еркин Қарақалпастан", 1993, 27-февраль.

Сен ислейсең, мен ислеймен-түн узақ.
Ол ислейди, ҳәмме, ҳәмме ислейди,
Бирақ, неге жеткерместей жол узақ.
Айталмадым, бәлким, бунын төркинин,
Айталмастай гәплерим де көп мениң.
Көтеремен сени қолдың ушына,
Сен бизлерден бәлентирек бол, иним!

Көрип отырғанымыздай жас талант ийесиниң өмиршең поэтикалық қатарлары оқыўшының сезимлерине қозғаў салады. Поэзиядағы бундай қәсийетлерди, қосық қурылысындағы жаңалықларды көре алыўшылық әдебиятшы-сыншылар Қ.Оразымбетов, Ҳ.Өтемуратова, П.Нуржанов, Б.Генжемуратов, З.Бекбергеновалардың портретлик мақалаларына да тән. П.Нуржанов өз портрет мақалаларының бирин "изертлеўин күтип турған дөретиўшилик ийеси"[7] деп атайды ҳәм онда балалар шайыры Х.Сапаровтың дөретиўшилик тулғасы жаратылады. Жас әдебиятшылар тәрепинен дөреген бундай портретлик сын мийнетлер қысқа көлемли болса да қуўатлаўға туўра келеди. П.Нуржановтың "Шайырдың ишки еркинлиги ҳаққында ойлар"[8] деген мақаласындағы М.Жуманазарованың поэзиясы ҳаққында пикирлери де қызығарлы ҳәм тәсирли шыққан.

Әдебий сын портрет дөретиўдеги ең жақсы сыпатларды академик Ж.Базарбаевтың шайыр И.Юсупов ҳаққында,[9] белгили әдебиятшы алым, марҳум К.Мәмбетовтың халық шайыры Т.Жумамуратов[10] туўралы портретлик мийнетлеринен көриўге болады. Олардың екеўинде де бирден көзге түсетуғын нәрсе-бул шайырлар дөретиўшилигине айрықша пафос пенен қатнас жасап өз мийнетлерин белгили проблемаларға қурыўында Ж.Базарбаев үлкен шайыр И.Юсупов поэзиясының халықшыллығы, реализминиң тереңлиги ҳәм шайырдың сезимталлық қәсийетиниң айрықшалығы ҳаққында сөз етсе, ал К.Мәмбетов халық шайыры Т.Жумамуратовтың пүткил творчестволық психологиясының фольклор

---

[7] Нуржанов П. Изертлеўин күтип турған дөретиўшилик ийеси. "Еркин Қарақалпақстан", 2000, 24-октябрь.
[8] Нуржанов П. Шайырдың ишки еркинлиги ҳаққында ойлар. "Қарақалпақстан жаслары", 1998, 5-март.
[9] Базарбаев Ж. Сөзи муҳаббатқа, муҳаббаты қосыққа айланған шайыр. "Еркин Қарақалпақстан", 1999, 29-апрель.
[10] Мәмбетов К. Сөз зергери Тилеўберген… "Еркин Қарақалпақстан", 1995, 28-декабрь.

менен, оның ақпа, төкпе-импровизаторлық қәсийетлери менен ажыралмас байланыста алып қарайды.

Ж.Базарбаевтың "Халыққа хызмет етиўди өзиниң ҳақыйқый мәпи деп есаплап, оған шын муҳаббаты менен пидә болған қарақалпақ халқының ең сүйикли шайыры И.Юсупов…оның әрманы: "Бир сөзди бир сөзге байлап", халықтың кеўилин табыўды ойлап, оған ҳадал хызмет етиў;

"Саған азы-кем сөз унатсам,
Басқа бахыт сорамайман"-деген арзыўдан шығып:
Не буйырса сиздей халық,
Аяғымды қолыма алып,
Басым менен жумалайман;

-деп хақ кеўлин билдирип коймастан, өмир-өмиринше халқымызға басы менен ғана жумалап хызмет етип, сол арқалы елдиң, журттың даңқын шығарған ҳәм "қояр едим жулдыз етип, аспандағы ай қасына" деген ўазыйпасын…толық әмелге асырған тулға"[11]-деген пикирлери философ алымның пафосынан туўылған. Сонлықтан да: "Қайсы бир сөз зергериниң дөретиўшилик тулғасын ашып бериўде болсын сыншы ямаса изертлеўшиге де соған деген, өз объектине шын берилгенлик, айрықша пафос зәрүр. Сонда ғана оқыўшыны өзине қарата алатуғын әдебий сын дөретпе, сонда ғана оның өзине жараса темасы, ат-айдары, ой-пикирлериниң өсип өрбиўи, суп-сулыў, жуп-жумыр, тепсе үзилместей шынжырлы композициясы пайда болады"[12]-деп жазады Ж.Есенов.

Мақаланың "Сөзи муҳаббатқа, муҳаббаты қосыққа айланған шайыр" деп аталыўынан қандай да бир шайырдың қосықларындағы сәўги-муҳаббат темасын сөз етер екен- деген пикир келиўи гүмансыз. Яқ…! Усы теманың сыйқырының өзи бизди ертип әкетип, оның халықлық, улыўма гуманистлик философиялық мәнисин терең түсиниўге мүмкиншилик береди. Улыўма қысқа творчестволық портретлик мақалада шайыр поэзиясының тек бир тәрепи-оның халықлығы ғана емес, ал сол арқалы талант ийесиниң пүткил творчестволық психологиясын, оның баслы бағдарын оның бир тутас улыўма адамгершиликли натурасын ашып береди.

[11] Базарбаев Ж. Сол мақаласы…
[12] Есенов Ж. Жазыўшылар тулғасын шебер ашайық. "Еркин Қарақалпақстан", 1999, 10-июнь.

Әлбетте бундай талант ийелериниң тулғасын да бир ямаса бир еки газета ҳәм журнал мақаласында ашып көрсетиў мүшкил ис. Оған үлкен шеберлик, көрегенлик, сол талант сырларын басқалардан да терең уғатуғын ақыл-парасат ҳәм мол өмирлик тәжирийбеде керек.

К.Мәмбетовтың шайыр Т.Жумамуратов ҳаққында дөреткен портретлик мақаласында әдебиятшы-сыншы шайырдың өмирине байланыслы көплеген фактлерди келтиреди де, негизги мәселени оның сатириклик шайырлық психологиясын ашыўға, оның халық тили, аўызеки халық поэзиясының бай үлгилерин өзлестириўине шебер уйқас, орынлы гипербола ҳәм жарасымлы өтирик өсек, қәсийетлерин ашыўға қаратады. К.Мәмбетов бул мәселелердиң көпшилигин анық фактлер ҳәм көбинесе өзи көрген сюжетлик ўақыя-детальлар менен шебер түрде сөз етеди. Нәтийжеде шайыр тулғасы шебер жаратылады. Әдебиятшының усы портрет мақаласы оны "қайта тирилткен" еди. Буны төмендеги мынадай пикирлер дәлийллейди.

"Оның сатирасының өзгешелиги сонда, ҳәр қандай дәуир менен байланысып кете береди. Ол адам ҳәрекети менен минезлеринен образ излейди. Мәселен, лапгөйлер ҳаққында жазғанда, нағыз лапгөй болып кетеди…

Ешки мәйек туўыпты,
Ийтти қоян қуўыпты.
Қус атыпты бир мерген,
Мылтық етип уўықты.

Әпиўайы сөзлер менен қурылған бул қосық қатарлары халық тилиниң терең төркинлери менен тутасып, жылўаланып оқыўшыда үлкен тәсир қалдырады".[13]

Мине, көрип отырғанымыздай-ақ әдебиятшы-сыншы шайырдың творчестволық өзиншелигине сай образлы қатарларды дурыс таңлайды. Бул ең әҳмийетли мәселелердиң бири. Бизиңше бул жерде әдебий текстлик мысалдың келтирилиўи де ҳәм оған әдебиятшы-сыншының берген баҳасы да орынлы. Соңынан К.Мәмбетов усы портрет мақалада: "Қосық пенен дәсме-дәс айтысқа түскен адам ғана шайыршылықтың шыңына жеткен адам" деген М.Әўезовтың пикирин келтире отырып, Т.Жмумаматовтың

[13] Мәмбетов К. Сол мақаласы.

төкпе шайырлық талантын еле хатқа түспеген, баспада жәрияланбаған, бирақ өзи гүўасы болып ядлап қалған поэзиялық қатарлар арқалы жүдә исенимли етип дәлийллеп көрсетеди. Сыншы-әдебиятшы келтирген бул қосық қатарларының бәрин мысалға алмай-ақ сол нәрсеге дыққат аўдарыў жеткиликли, болған сюжетлик комик ҳәм сатиралық ўақыялар менен халық шайырының импровизаторлық психологиясы, оның дәл жуўаплылығы бир-бирине оғада жупкерлесип кеткен. Оны сыншы өз таллаўлары ҳәм сюжетлик ўақыяларды эсселик усыл менен баянлаўы, шайыр қосықларын келтириў арқалы көрсеткен. Сондай ўақыяға байланыслы аўызша, қағаз-қәлемсиз-ақ шығарған қосығы мынадай екен: Ол шығарма Т.Жумамуратов, П.Сейтов, К.Мәмбетов ҳ.т.б. бир районға пахта тәрбиясы мапазында ўәкилликке барып, бир келиншектиң нанынан жеп, ямаса аўыз тийип кетерде, ал сол келиншек жүўери атызға қашып кеткенде буны халық шайыры сол мәўритте тандыр басында аўызша шығарған екен:

Тандыр басында келиншек,
Я шаққансаң, я ериншек
Далаға неге қаштыңыз,
Машыннан түсип көринсек?

Қашып ақбасқа сүринбе,
Қан қалмапты-ғой түриңде.
Аттан түсип нан жең деген,
Жоқ па елдиң дәстүринде.

Биз келгеннен кеттиң қашып,
Кем-кемнен араны ашып,
Жасырынбақ ойнағандай
Кетти қандай ғәплет басып.

Тандырыңнан өте алмадық,
Мәнзиллерге жете алмадық,
Халыққа дәстүр болғаннан соң,
Нанды таслап кете алмадық.

Турман сыртта қабақ үйип,
Нанның бәри кетти күйип,
Бизлер болсақ қудай қонақ,
Кетемиз тек аўыз тийип…

"…Мен сонда Тилеўберген ағаның ҳәзир жуўаплығына қатты ҳайран қалған едим. Ол бул сөзлер менен де тоқтаған жоқ:

Дийханның көп дақылы бар,
Дән еккенниң ақылы бар.
"Жуп нан берген-саўап", деген,
Халықтың үлкен нақылы бар.

-деди де еки нанды алып қайтадан машинаға қарай бетледи. Ол ҳәр қандай ўақыяны да қосық желисине сиңдирип жиберетуғын еди".[14]

1990-жыллардағы қарақалпақ әдебий сыны тематикалық, идеялық бағдарлар бойынша алдыңғы дәуир сынынан өзгешеленип турады. Бул жыллары миллий әдебиятымыздың ҳәр түрли жанрларындағы дөретпелерге, жеке творчестволық тулғаларға ҳәм улыўмалық мәселелерге байланыслы есап-сансыз әдебий сын материаллар жәрияланды. Бизиң қолда бар фактлерге қарағанда газета-журнал сыны еле де кең көлемли, жуўмақластырылған, синтезлик ойларға мол, шолыў мақалалар ҳәм салмақлы илимий теориялық проблемалық мийнетлерге жарлы. Бирақ, әдебий сынның гейпара формалары: интервью, анкеталар, диалог, сораў-жуўап, базда пикирлер қайшылығын да алға илгерилеўлер бар.

Бул жыллардағы поэзияға арналған сын мақалалардың бир өзгешелиги, 1990-2000-жыллар аралығында көркем әдебияттың басқа еки түрине қарағанда поэзиялық топламлар жүдә көп жарық көргенликтен, рецензиялық мақалалардыңда саны көп.

Улыўма әдебий сынның рецензиялық формасы 90-жыллардағы әдебий процесске жедел араласып, жаңа дөретпелерди тез хабарлап ғана қоймай, ал олардағы гейпара нуқсанларды да қырағылық пенен көрип ҳәм ўақтында дурыс сынап оқыўшы көпшиликтиң дыққатын ғана аўдарып қоймай, ал олардың әдебий эстетикалық талғамын қәлиплестириўге ямаса өсириўге де хызмет етти.

Әдебий сында сыншылар поэзиялық шығармаларды баҳалаўда жаңалыққа, айрықша поэтикалық шеберликлерге қарай умтылды. Мәселен: С.Ахметов Қ.Оразымбетов пенен бирге "әдебият көши мәнзиллерге асықпақта"-деп, оның аяқ алысларын дурыс бақлады, Ж.Есенов поэтикалық өнерде "Ҳақыйқатшыл, руўхы терең сөз маржанлары ушын" ат

---

[14] Мәмбетов К. Сонда…

салысыў керек екенлигин айтты, Ҳ.Өтемуратова "Сен сөнбейсең, поэзия жулдызы!" деп поэзия менен улыўма көркем әдебияттың нағыз патриоты екенлигин танытты, З.Бекбергенова өз пикирлерине әдебий теориялық проблематикалық сыпат енгизиў ушын поэзиялық шығармаларды миллий фольклорлық дәстүрлер менен байланыстырып, олар менен салыстырып қарады, Т.Мәмбетниязов поэзияны дәўир менен тығыз байланыстырып талқылады, Б.Генжемуратов поэзия критиги-шайыр сыпатында да оның жаңалықлары менен терең ойлылығын, символико-метафоралық, образлық қәсийетлерин нанның усағындай қәстерлеўге шақырды. Қ.Жәримбетов, Қ.Оразымбетов, П.Нуржановлар поэзиямыз ҳаққында өз пикирлерин әдебий илимий теориялық мәселелер әтирапына қурды. Булардың ҳәммеси әдебий сын мақалаларында өз даўыслары менен өз түсиниклери ҳәм талапшаңлықларын көрсетиўге ҳәрекет етти.

Әдебий сын портрет дөретиўдеги ең жақсы сыпатларды Ж.Базарбаевтың, И.Юсупов ҳаққындағы "Сөзи муҳаббатқа, муҳаббаты қосыққа айланған шайыр портретинен, К.Мәмбетовтың Т.Жумамуратов туўралы "Сөз зергери Тилеўберген", Ә.Пахратдиновтың "Аббаздың алтын ғәзийнеси" портретлеринен көриўимизге болады. Олардың портретлеринде көзге түсетуғын баслы мәселе-бул олардың өзлерине сүйикли шайырларға шын берилип, айрықша пафос пенен қатнас жасаўында ҳәм өз мийнетлеринде өз ишинде белгили бир өзекли проблемалар жүклей алыўында айрықша көзге түседи.

Прозаик, драматурглер, алым-сыншылардың портретин жаратыўда да сыншылар бир қанша жетискенликке ерисТи. Прозашылардан Ш.Айтматов, Т.Қайыпбергенов, Ж.Сапаров, К.Мәмбетов, А.Әлиев, Г.Есемуратова, Ө.Хожаниязов, драматург жазыўшылардан, Ж.Аймурзаев, С.Хожаниязов, Т.Алланазаров, әдебиятшы-сыншылардан Н.Дәўқараев, М.Нурмуҳаммедов, С.Ахметов ҳ.т.б. илимпазлардың творчестволық келбети ашып берилди.

1990-жыллардағы қарақалпақ әдебий сынының творчестволық портрет түриндеги мийнетлерде алым-сыншылардың да тулғалары сәўлеленген. Оларда Н.Дәўқараев, М.Нурмуҳаммедов, С.Ахмтеов, К.Қудайбергенов, Ж.Нарымбетов сыяқлы белгили сыншы-әдебиятшылардың келбети түрлише усылларда, ҳәр қыйлы аспектлерде де ашып берилген, жазылыў

стили жағынан да өзгешеленип турады.С.Баҳадырова көбирек илимий публицистикалық стилге сүйенсе, ал Қ.Байниязов өз жаңалықларын тарийхый таза архивлик ҳүжжетлерге тийкарлайды, Ж.Есенов илимий теориялық бағытта сөз етеди.

Қарақалпақ прозасы 1990-жыллардағы қарақалпақ әдебий сынының бир қанша рецензиялық, әдебий шолыў, проблемалық теориялық сыпатқа ийе мақалаларында айырым сораў-жуўап ҳәм анкеталарында, гейпара қарама-қарсы пикирге ийе әдебий сын мийнетлеринде ҳәр тәреплеме сөз етилди. Оларда прозамыздың ең үлкен ўәкили Т.Қайыпбергеновтан баслап, Ш.Сейтов, К.Мәмбетов, Х.Сейтов, Ж.Сапаров, М.Сейтниязов, А.Садықов, А.Султанов, А.Әбдиев, Ҳ.Өтемуратова ҳ.т.б. проза дөретиўшилериниң бир неше дөретпелери қәлемге илинген.

Оларды сан жағынан ҳәм сапа: форма ҳәм мазмун тәрепинен алып қарағанда жүдә көп ҳәм ҳәр түрли, бай мазмунлы, көпшилиги әдебий процесс пенен әдебий сынның өзинде де ең жақсы ислерге жаңалықларға қарай умтылдыратуғынын көриўге болады. Мәселен, А.Изюмскийдиң "Әдебияттың терис айнасында көринген ўатанымыз тарийхы" ("Әмиўдәрья", 1991, №12, 116-бет), У.Пиржанов "Әдебиятта шынлықтың бурмаланыўына шек қойылсын" ("Қарақалпақстан жаслары", 26-январь, 1995 ж.), М.Турсымуратовтың "Маманбий әпсанасы"ндағы тартыслы бир мәселеге" ("Әмиўдәрья", 1993, №1, 97-бет), Ҳ.Өтемуратованың "Ҳәзирги проза ҳаққында гейпара ойлар" ("Әмиўдәрья", 1990, №9, 94-95 бб.) шолыў мақаласын, Ж.Есеновтың "Ғәзеп пенен жазылған роман" ("Еркин Қарақалпақстан", 20-февраль, 1993.) рецензиясы ҳ.т.б. үлги етсек болады.

1990-жыллардағы әдебий сында драматургия сынына байланыслы материаллар жүдә жарлылығына қоса, олардың сапасы да поэзия, проза, сынға сын айтыў ҳаққындағы әдебий эстетикалық пикирлерден бираз төмен.

Әдебий сында өз пикирлериниң көлемлилиги, тереңлилиги, материалларды бираз кеңирек қамтып алыўы, салыстырмалылығының да байлығы, театр менен драма жаңалығына да айрықша жедел, қызғынлы, пафослы қатнасы, ой-пикирлериниң тыянақлылығы ҳәм салдамлылығы менен дыққатты өзине тартатуғын мақалаларға: С.Аллаяровтың "Көклен батыр" драмасының дөреўи"...("Әмиўдәрья", 1991, №3, 100-бет),

Қ.Камалов "Шаҳсәнем-Ғәрипке берип зейинди" ("Еркин Қарақалпақстан", 13-февраль, 1993 ж.), О.Сәтбаевтың "Кеўил көлеңкеси" ("Еркин Қарақалпақстан", 25-декабрь, 1991.), "Бес күнлик дүньяға исениў қыйын" ("Еркин Қарақалпақстан", 30-май, 1990) рецензияларын, Ж.Есенов "Тойымсыз инсапсызларды қаралаған комедия" ("Қарақалпақстан жаслары", 5-ноябрь, 1998.), К.Құрамбаев "Заманагөй комедия" ("Еркин Қарақалпақстан", 21-ноябрь, 1998.) мақалаларын айтсақ болады.

Мине усындай 1990-жыллары жүзеге келген бир неше идеялық-тематикалық, машқалалық шолыў мақалалар, бир қанша қарама-қарсы пикирлер менен әдебий сыншылық диалоглар, сораў-жуўаплар, қысқа әдебий теориялық мийнетлер әдебий сынымыздың және де жеделлесиўин ҳәм руўхый, моральлық жақтан да изленислерин, жаңаланыўға умтылыўын, сондай-ақ оның формалық ҳәм мазмун жағынан да байып барыўын, дөретиўшилик жәмәәти де толысып, жас күшлер менен толысып атырғанынан дәрек береди. Әдебий сын майданына санаўлы жаслар кирип келсе де, олар әдебиятымыздың поэзия, проза, драматургия ҳәм басқа да жанрларын баҳалаўда жаңалыққа, айрықша поэтикалық шеберликлерге қарай умтылмақта. Олардың әдебий сынның өзинде де өзгеше пафосы, өз даўыслары менен өз түсиниклери бар.

Жуўмақлап айтқанда, сын көтере алмас шығармаларды сынап жер менен жексен еткенде де сын раўажланбайды. Ең алды менен сын елегине илинетуғын сын көтерер дөретпелер зәрүр. Бунысыз әдебий процесс те, сында алға илгерилей алмайды.

1990-жыллардағы қарақалпақ әдебий сыны усындай сын көтерер дөретпелерди таныстырып ғана қоймай, ал олардағы тиришеңликти, терең ойлылықты өз оқыўшыларына ашып көрсетип, олардың өзлерин де турмыс, өмир, жәмийет ҳаққында терең ой ийримлерине ғана емес, ал ойдан иске қарай басламақта.

Мине, булардың барлығы тийисли бап ҳәм параграфларда белгили дәрежеде таллап көрсетилди. Солай етип, биз усы илимий жумысымызда 1990-жыллардағы қарақалпақ әдебий сынының раўажланыў жағдайларын көрсетип бере алдық деп ойлаймыз.

**Ә д е б и я т л а р**

1. Худайбердиев Э. Адабиетшуносликка кириш. Сабақлық. Ташкент, 1995 өзб.
2. Бобоев Т. Адабиетшунослик асослари. Сабақлық. Ташкент, 2000
3. Ахметов С., Султанов Қ.Әдебияттаныўға кирисиў. Сабақлық. Нөкис, 1987
4. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Оқыў қолланба. Нөкис, 1994
5. Жәримбетов Қ.Әдебияттаныўға кирисиў. Лекция текстлери. Электрон версиясы Нөкис, ҚМУ, 2003
6. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, "Билим", 2004
7. Умуров Ҳ. Адабиет назарияси. Сабақлық. Ташкент, 2002
8. Ахметов С., Султанов Қ.Әдебияттаныў. Хрестоматия. Нөкис,1994
9. Оразымбетов Қ.Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем форманың эволюциясы ҳәм типологиясы Нөкис, "Билим", 2004
10. Оразымбетов Қ. Қосық қурылысы. Лекция текстлери. Электрон версиясы. Нөкис, ҚМУ, 2003
11. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Сабақлық. Нөкис,1995
12. Ахметов С. Қарақалпақ сыншылары ҳәм әдебиятшы алымларының бибилиографиясы. Оқыў қолланбасы. Нөкис,1993
13. Пахратдинов Қ., Оразымбетов Қ. Қарақалпақ филологиясы бойынша библиографиялық көрсеткиш. Оқыў қолланбасы. Нөкис, 1999
14. Абрамович Введение в литературоведение. Сабақлық. Москва, 1979
15. Гуляев Н.А. Теория литературы. Сабақлық. Москва, 1986
16. Тимофеев Л.И. Основы теории литерутары. Сабақлық. Москва, 1972
17. Поспелов Г.Н. Теория литературы. Москва, 1978

Коллектив. Введение в литературоведение. Под редакцей Г.Н.Поспелова. Москва, 1983